ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ


АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№134 (25.040) • 2026 гъэм щэкІуэгъуэм (ноябрым) и 7, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ •



Къалащхьэм нэхъри зегъэужьыным теухуауэ

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек иригъэкІуэкІащ республикэм и къалащхьэм адэкІи сыт и лъэныкъуэкІи зегъэужьыным теухуа зэІущІэ.

ЗЭХУЭСЫМ зэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі Мусуков Алий, КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщі Къуэдзокъуэ Мухьэмэд, экономикэ зыужьыныгъэмкІэ министр Рахаев Борис, ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ Журавлев Андрей, щІыуэпс хъугъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ министр Шаваев Ильяс, транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ министр ДышэкІ Аслъэн, Налшык къалэ округым и Іэтащхьэ Ащхъуэт Азэмэтджэрий.

Мы зэманым зэІузэпэщ ящІ Налшык псым и Іуфэм къедза щІыпІэхэр, абы къыдэкІуэу я мурадщ Хужьокъуэм и цІэр зезыхьэ уэрамми апхуэдэ лэжьыгъэхэм щыщІадзэну. Налшык псым щыщ Іыхьэу къалащхьэм хиубыдэм и жапІэри гъэкъэбзэным иужь ихьэнущ. Щхьэхуэу хэплъащ лъэмыжыщІэ тралъхьэнум и проектым, 2-нэ Тамань дивизэм и уэрамым къыщыщІэдзауэ КІыщокъуэм и цІэр зезыхьэм нэсу щытынум, абы екІуалІэ гъуэгури зэгъэпэщыжыным.

Апхуэдэу зэІущІэм щытепсэлъыхьащ «Урысей» Лъэпкъ центрым и къудамэм и проектми. «Фигу къэзгъэкІыжынщи, щІыналъэхэм щыІэну къудамэхэр къызэрагъэпэщ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир Владимир и къуэм пщэрылъ зэрищІам ипкъ иткІэ икІи абыхэм щІыналъэхэм я ехъулІэныгъэхэр щагъэлъагъуэу, Урысейм щыщ лъэпкъхэм я тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ хъумэным хуэлажьэу щытын хуейщ. А проектми долэжь», - къыхигъэщащ КІуэкІуэ Казбек.

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек лэжьыгъэ Іуэхукіэ хуэзащ «Кавказ» Гъуэгухэмкіэ управленэм и унафэщІ Лукашук Александр.

Гъуэгухэр зытетыпхъэ мардэм нагъэс

ЗЭІУЩІАХЭР тепсэлъыхьащ республикэм щрагъэкІуэкІ гъуэгу ухуэныгъэхэм я унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым туризмэм зыщиужьын папщІэ, зэлэжьыну нэхъ зыхуэфащэ объектхэм.

Гулъытэ нэхъыщхьэ зратхэм ящыщщ Урыху псыежэхым тралъхьэну я мурад лъэмыжыр, ар инженер лэжьыгъэшхуэ зрахьэлІэ проектщ. Иджыпстукіэ абдежым лъэмыжым лъабжьэ хуэхъуну щІыр къыщратІыкІ, иужькІэ ухуэныгъэр зыІыгъыну пкъохэр хагъэжыхьынущ, лъэмыжыр зышэчыну гъущІ тегъэщІапІэхэр хагъэзэгъэнущ. Лэжьыгъэр зэуэ щІыпІитІ-щым щокІуэкІ.

Налшык хъурейуэ къыпэзыкІухь, километр 20-м нэс, машинэ нэхъыбэ щызэтрихьэ гъуэгури зыхуей хуагъазэ. Іэщ-Іагъэлхэм иджыпсту гъуэгум телъ астфальтыжьыр къытрах, иужькІэ и лъабжьэр зэрагъэзэхуэнурэ, мывэкІэщхъ быдэм къыхэщІыкІа асфальтобетон трагъэжыхьынущ. Мы лэжьыгъэр бжьыхьэ къакІуэ нагъэсыну я мурадщ.



Аргуданрэ Осетие Ищхъэрэ-Аланиемрэ зэпызыщІэ Р-217 «Кавказ» къэрал гъуэгум и Іыхьэр, километр 482-м щегъэжьауэ 497-м нэсыр, зыхуей хуагъазэри, яутІыпщакІэщ. Ар Іуащхьэмахуэ лъапэ макІуэри, цІыху къезышэкІ транспортми хьэлъэзешэхэми къагъэсэбэп зэпытщ.

А гъуэгушхуэр зэбгъурыту машиниплІ ирижэфын хуэдэу, нэхъ бгъуэ ящІащ. Абдежми къыщымынэу, лъэсырызекІуэ лъагъуэхэр зэманым декІу инфраструктурэкІэ зэрагъэпэщащ: уэздыгъэхэр, автобус къэувыІэпІэхэр, тротуархэр зэрыщытыпхъэ мардэм нагъэсащ. Гъуэгур сыт и лъэныкъуэкІи нэхъ шынагъуэншэ хъуауэ жыпІэ хъунущ.

КІуэкІуэ Казбек Лукашук Александр фІыщІэ хуищІащ зэгъусэу ягъэзэщІапхъэ лэжьыгъэхэр къехъулІэнымкІэ щІэгъэкъуэн зэрыхъум папщІэ, а псори республикэм и экономикэми цІыхубэми щхьэпэ зэрахуэхъур къыхигъэщащ.



Депутатхэр Шэрий Иналбэч йохъуэхъу

2-нэ нап.



Гъуазджэм и лэжьакІуэ емызэшыж

9-нэ нап.



11-нэ нап.



УсакІуэм и фэеплъу

12-нэ нап.

ИнтернеткІэ Іэ тевдзэ

Зэпыу щымыIэн хуэдэу

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хэтащ УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ Мантуров Денис, вице-премерхэу Новак Александррэ Патрушев Дмитрийрэ экономикэм и IэнатIэ щхьэхуэхэр зэпыу имыIэу лэжьэныр къызэгъэпэщыным теухуауэ видеозэпыщIэныгъэкIэ ирагъэкIуэкIа зэIущIэм.

ЗИ ГУГЪУ ящIахэм ящыщщ мэкъумэш-промышленнэ комплексыр. Мантуров Денис къыхигъэщащ здэщыIэ щIыпIэм емылъытауэ лэжьакIуэхэм я шынагъуэншагъэмрэ объектхэр хъумэнымрэ псом япэ игъэщыпхъэу зэрыщытыр. Мэкъумэш-промышленнэ комплексым и лэжьыгъэр зэпымыун папщIэ жылэхэр, щIыгъэпшэрхэр, Iусыпхъэхэр, ветеринар хущхъуэхэр, гъэсыныпхъэхэр къешэлIэн, уэздыгъэкIэ, газкIэ, псыкIэ шэщIауэ къызэгъэпэщын хуейщ.

«Мыхьэнэшхуэ иIэщ гъэтIылъыгъэхэр нэхъ пасэу къызэгъэпэщыным. ЩIыIэ щыхъум и деж гулъытэ хэха хуэщIыпхъэщ котельнэ Iэмэпсымэхэм я техникэ щытыкIэр зыхуей хуэзэу зэтеухуэным», - жиIащ вице-премьерым.



ЩIalэгъуалэр хэкупсэу къэхъуным толажьэ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хуэзащ республикэм щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министр Лу Азэмэт. ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ щIалэгъуалэ политикэм ехьэлIа къалэнхэм, нэхъ хэхауэ жыпIэмэ, къапэщыт Iуэхухэм - щэкIуэгъуэм и 12 – 14-хэм Налшык щекIуэкIынущ «Iэмалхэм я лъагапIэ» Урысейпсо зэхыхьэшхуэр. Ди республикэм къэкIуэнущ «Урысей щIалэгъуалэ. Грантхэр» зэгухьэныгъэм и лIыкIуэ миным щIигъу икIи зэчэнджэщынущ къыхалъхьэ жэрдэмхэр пхыгъэкIынымкIэ щыIэ хэкIыпIэхэмкIэ.

«ДЫЗЫХУЭКIУЭ илъэсым дэ къедгъэблэгъэнущ «Маёвка» Урысейпсо турист зэхыхьэри. Ар иригъэкIуэкIынущ «Пэрытхэм я зэщIэхъеныгъэм», Урысейм и щIалэгуалэм я зэгухьэныгъэм и «Зыплъыхьакlуэм и закъуэкъым» зыфIаща программэм хыхьэу. Абыи щIалэгъуалэ миным щIигъу хэтыну дыпоплъэ. Ахэр щIыпIэхэм лъэсу зыщыплъыхьыным пыщIа туризмэм зегъэужьыным хуэгъэза Iуэхухэм елэжьынущ. Абы папщIэ зыхуеину псори Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэщ. А Iуэхуми зыхуэгъэхьэзырын щIыдодзэ», - жиIащ КъБР-м и Iэтащхьэм.

Щхьэхуэу и гугъу ящIащ ныбжьыщIэхэм я ехъулIэныгъэхэр щагъэлъагъуэ «Зи щIалэгъуэхэм я зэманщ» Урысейпсо саугъэтым «Урысейм и щIалэгъуалэм я къалащхьэ-2027» и Iыхьэ хэхам Налшык къалэр зэрыхэтынум теухуа Iуэхуми. Ди къалэр а зэпеуэм и Iыхьэ ныкъуэм кIуэфа къалипщIым ящыщщ.

Апхуэдэуи зыхуагъэхьэзыр щIалэгъуалэр хэкупсэу гъэсэным хуэгъэпса «Iуащхьэмахуэ» центр Долинск къыщызIуахынми. Мыгувэу а центрыр цIыху зэхуэсыпIэ, республикэм и щIалэгъуалэм я зэIущIапIэ хъунущ.

«Илъэсыр иухыным ипэ къихуэу щIалэгъуалэ центрхэр къыщызIутхынущ Прохладнэрэ Дзэлыкъуэкъуажэрэ. Дэ ди къалэныр щIалэгъуалэм заужьын, хэкупсэ нэсу къэхъун, дыщалъхуа республикэмрэ зэрыщыту Урысеймрэ щекIуэкI жылагъуэ Iуэхухэм жыджэру хэтын папщIэ зыхуеинухэр къызэдгъэпэщынырщ», - къыхигъэщащ КIуэкIуэ Казбек.

КIуэкIуэ Казбек дыгъуасэ иригъэкIуэкIащ НэгъуэщI къэралхэм сату ядэщIынымкIэ советым и зэIущIэ. Абы щытепсэлъыхьащ «Дунейпсо кооперацэмрэ нэгъуэщI къэралхэм сату ядэщIынымрэ» лъэпкъ проектыр гъэзэщIа зэрыхъум.

ЩIыналъэм и зэфIэкIхэм хэзыгъахъуэ IэнатIэ

ДЫЗЭРЫТ илъэсым и мазибгъум кърикIуахэм къызэрагъэлъэгъуащи, республикэм къэралым сатууэ щищIыр проценти 117-м нэсащ, хамэ хэкухэм яхуригъашэми процент 28,6-кIэ хэхъуащ, нэгъуэщI къэралхэм къыщищэхухэр проценти 10,6-кIэ нэхъыбэ хъуащ.

ЩIыналъэм хамэ хэкухэм щищэр энергетикэм пымыщIахэрщ. Проценти 185-м щIигъур ерыскъыхэкIхэщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым нэгъуэщI къэралхэм ящыщу 23-м сату ядещI.

ЩIыналъэ экспорт мардэр хэпщэным теухуа и зэфIэкIхэм япкъ иткIэ республикэм КИФЩI-м етIуанэ увыпIэр, УФ-м 12-нэр щиIыгъщ.

ВидеозэпыщIэныгъэ Iэмалкlэ зэIущIэм хэтащ Урысей экспорт центрым и IэщIагъэлI пажэхэр. Абыхэм и гугъу ящIащ хьэрычэт IэнатIэ мыинымрэ курытымрэ хыхьэ IуэхущIапIэхэм я продукцэхэр хамэ къэрал сату щIыпIэхэм щыпхыгъэкIынымкIэ, абыхэм я ехъулIэныгъэхэр хэIущIыIу щIынымкIэ щыIэ Iэмалхэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щымащIэкъым хамэ къэралхэм щащIахэм я продукцэкIэ япеуэфынухэр къыщIэзыгъэкI IуэхущIапIэхэр икIи абыхэм щIэупщIэ мымащIи яIэщ.

КIуэкIуэ Казбек «Илъэсым и экспортер нэхъыфI» саугъэтыр къэхьынымкIэ зэпеуэм и щIыналъэ Iыхьэм щытекIуахэм дипломхэр яритыжащ, хамэ къэралхэм сату ядэщIынымкIэ ехъулIэныгъэфIхэр зыIэрызыгъэхьа компание зыбжанэм фIыщIэ тхыгъэхэмкIэ яхуэупсащ.

ЗэIущIэм апхуэдэу щытепсэлъыхьащ IэщIагъэлIхэр гъэхьэзырыным пыщIа къалэнхэми. Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и закъуэщ Урысей экспорт центрым нэгъуэщI къэралхэм сату ядэщIынымкIэ и школым и лэжьэгъуу Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэм щыIэр. Мы гъэм абы къыщагъэсэбэпащ хамэ къэралхэм сату ядэщIыным пыщIа компаниехэм папщIэ IэщIагъэлIхэР гъэхьэзырыным хуэгъэпса программэр.

«Iуэхутхьэбзэхэр щIэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и IэнатIэ нэхъ зызыужьхэм ящыщщ туризмэр. Илъэситхум кърибыдэу ди щIыналъэм туристу къакIуэр хуэдитIкIэ нэхъыбэщ икIи цIыху мелуанитI хъуащ. Хамэ хэкухэм кьикIыу къытхуэкIуэхэм я бжыгъэми хуэдитIкIэ хэхъуащ. Зызыгъэпсэхуну хуейхэр къыдэхьэхынымкIэ Iэмалыфlщ щIыналъэм и хъугъуэфIыгъуэхэр нэгъуэщI щIыпIэхэм щыгъэлъэгъуэныр, цIыхухэр ди щIыуэпсым щыгъэгъуэзэныр, Москва зэрыщытщIам хуэдэу, Iуэху дахэхэр, пресс-турхэр, хьэрычэтым пыщIа Iуэхухэр егъэкIуэкIыныр. Къэбэрдей-Балъкъэрым нэгъуэщI къэралхэм сату ядэщIынымкIэ Iэмалыфl дыдэхэр иIэщ икIи, ди Президент Путин Владимир Владимир и къуэм пщэрылъ къызэрытщищIам тету а лэжьыгъэм пытщэнущ», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

Депутатхэр Шэрий Иналбэч йохъуэхъу

Тэрч щIыналъэм щагъэлъэпIащ бэнэкIэ хуитымкIэ иджыблагъэ дунейпсо чемпион хъуа Шэрий Иналбэч.

ЗЭХУЭСЫМ хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэрэ хабзэубзыху IуэхущIапIэм и депутатхэмрэ. Шэрийм и текIуэныгъэ дахэмкIэ ехъуэхъуащ Тэрч муниципальнэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ Уэдыхь Тимур, республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Хъубий Марат, IуэхущIапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм я унафэщIхэр, спортсменхэр.

Чемпионым зыхуигъазэу, Егоровэ Татьянэ къыхигъэщащ абы и ехъулIэныгъэм къэрал псом дежкIэ мыхьэнэшхуэ зэриIэр. «Цlэ лъапIэр уи гуащIэкIэ, гугъуехькIэ, Iэзагъэкlэ къэпхьа дамыгъэщ. Псоми нэрылъагъу ящыпщIащ цIыхум и зэфIэкIымрэ ерыщагъымрэ фIыгъуэшхуэ къызэрыдэкIуэр, сыт хуэдэ лъэпощхьэпори апхуэдэ щIыкIэкIэ къызэрызэбнэкIыфынур. Уи ехъулIэныгъэм игъэгушхуащ ди къэрал псор, республикэм щыпсэухэр, тэрчдэсхэр, уэркIэ фIэщхъуныгъэ зиIа псори. Мы текIуэныгъэм дыщIригушхуэ нэгъуэщI зы щхьэусыгъуи щыIэщ: ар илъэс



къуэд дэкIауэ нобэ ди спортсменхэм я щIыхькIэ Урысей Федерацэм и гимныр къызэрыIурщ, ди къэралышхуэм и ныпыр къызэраIэтырщ. Ар зыми хуумыгъэдэн пагагъэщ. Адэкlи апхуэдэ ехъулIэныгъэхэр уи куэдыну ди гуапэщ. Къарум, лIыгъэм, ерыщыгъэм я щапхъэ нэс ухъуащи, уэркIэ догушхуэ, - жиIащ Егоровэм.

Абы фIыщIэ яхуищIащ Иналбэч и Iуэхур къыдэзыIыгъ, ар зыгъасэ цIыхухэм.

«Щхьэхуэу фIыщIэ фхузощI щIалэм и тренерымрэ гъэсакIуэхэмрэ, и адэ-анэхэу Залинэрэ Аслъэнрэ. Мыпхуэдэ щIалэ гумащIэ, Iэдэб, спортсмен гъуэзэджэ зэрывгъэсам щхьэкIэ псалъэ дахэу щыIэр фхуэфащэщ», - дыщIигъуащ абы.

Егоровэ Татьянэ жиIащ спортсменымрэ абы и гъэсакIуэмрэ я фIыщIэр къалъытэу, Парламентым и Президиумым ахэр игъэлъэпIэну унафэ къызэрищтар.

Спортым хуищI хэлъхьэныгъэфIхэмрэ зыIэригъэхьа ехъулIэныгъэ лъагэмрэ папщIэ, Шэрий Иналбэч хуагъэфэщащ КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхылъыр. Апхуэдэуи фэеплъ саугъэту чемпионым иратащ хабзэубзыху IуэхущIапIэм къыбгъэдэкI сыхьэтрэ томиплI хъу «Адыгэхэр» тхылъымрэ.

ЩIалэМ и тренер Урыш Анзори Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и ЩIыхь тхылъыр иратащ, спортсмен ахъырзэманхэр гъэхьэзырынымкIэ иIэ фIыщIэхэм пэкIуэу.

КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.



Іэпщэ Зауррэ Пекъу Алинэрэ.

ЦIыху мелуанитIым щIигъум зыщагъэпсэхуащ ди щIыналъэм

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм туризмэм и иджырей щытыкIэмрэ абы дяпэкIэ зэрызиужьынумрэ щытепсэлъыхьащ КъБР-м и Парламентым Экономикэмкlэ, зыужьыныгъэмкIэ, туризмэмрэ хьэрычэт Іуэхумкlэ и комитетым и зэIущIэм.

АБЫ хэтащ республикэм и хабзэубзыху Іуэхущ1апIэм и депутатхэр, министерствэхэм, къулыкъущIапIэхэм, республикэм и муниципальнэ щIыналъэхэм я администрацэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр, хьэрычэтыщIэхэмрэ щIыналъэм и зыужьыныгъэм зи мылъку хэзылъхьэхэмрэ.

КъБР-м и Парламентым Экономикэмкlэ, зыужьыныгъэмкIэ, туризмэмрэ хьэрычэт Іуэхумкlэ и комитетым и унафэщI Іэпщэ Заур жиIащ ди альпинисткэ цIэрыIуэ Пекъу Алинэ зэIущIэм зэрырагъэблэгъар икIи КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1ым и ФIыщIэ тхылъыр бгы лъагэ дыдэхэм зэрыдэкIуеифам, туризмэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэ зэрыхуищIым папщIэ абы зэрыратыр.

Іэпщэм къыхигъэщащ туризм Іэнатlэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэм щынэхъыщхьэхэм зэращыщыр, абы зегъэужьыныр республикэ унафэщIхэм япэ къалэну зэрагъэувыр.

- Ди лъэпкъ хабзэкIи нэхъыщхьэр араш: псом япэу хьэщIэм гулъытэрэ пщIэрэ хуэщIыпхъэщ. Абы къыхэкIыу ди къалэнщ щIыналъэм зыгъэпсэхуакIуэ къакIуэ дэтхэнэми гулъытэ хуэтщIыныр, Іуэхутхьэбзэ зэрахуэтщIэфымкIэ ягу дыдыхьэныр. Абы папщIэ Іэмал псори диIэщ. Къэбгъэлъагъуэмэ, араш иужьрей илъэсхэм ди зыгъэпсэхуакIуэхэм я бжыгъэм щIыхэхъуэр, - жиIащ абы. - Ауэ зэдгъэхъулIамкIэ дыкъызэтеувыIэ хъунукъым - адэкIи мы Іэнатlэр едгъэфIэкIуэн хуейщ. Дауи, гулъытэ хэха зыхуэщIыпхъэ Іуэхугъуэхэри щыIэщ, шынагъуэншагъэм ехьэлIахэри яхэту. Туризм Іэнатlэм лъэныкъуэ куэд къызэщIеубыдэ, псом япэрауэ, ар Іэмалыфlщ хьэрычэтыщIэхэм я дежкIэ. Дуней псом абы теухуауэ щащIэм уеплъмэ, нэрылъагъущ, иджырей бгъэдыхьэкIэхэр къэбгъэсэбэпмэ, пщIэ хъунур зэрыгъунапкъэншэр.

КъБР-м курортхэмрэ туризмэмкIэ и министрым и къуэдзэ Щхьэгъэпсо Аслъэнбий тепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым зи гугъу ящI Іуэхум зэрызыщиужьым. Абы къызэригъэлъэгъуамкIэ, 2023 гъэм елъытауэ республикэм зыщызыгъэпсэхуахэм я бжыгъэм процент 32,5-кIэ хэхъуащ: ипэ ита илъэсхэм цIыху зы мелуанрэ мин 533-рэ къэкIуамэ, 2025 гъэм и кIэм цIыху мелуани 2-рэ мин 31-рэ хъуащ.

- 2026 гъэм и мазибгъум къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым цIыху зы мелуанрэ мин 581-рэ къэкIуащ, нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм елъытауэ ар процент 1,5-кIэ нэхъыбэщ. Зыплъыхьакlуэхэм нэхъыбэу зыщагъэпсэхур Іуащхьэмахуэ лъапэщ (процент 60-м нэблагъэм). Ауэ республикэм и нэгъуэщI щIыпIэхэми гулъытэ хуащI хъуащ. Псалъэм папщIэ, Налшык къалэм зыщызыгъэпсэхухэр процент 41,5-кIэ, Шэджэм щIыналъэм - процент 20-кIэ, Дзэлыкъуэм - проценти 4,5-кIэ нэхъыбэ щыхъуащ. Ди дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ туризмэм республикэм и щIыналъэ нэхъыбэм зыщедгъэубгъуным, - жиIащ къэпсэлъам.

Министрым и къуэдзэм дыщIигъуащ республикэм жыджэру «Туризмэмрэ хьэщIагъэмрэ» лъэпкъ Іуэхур зэригъэзащIэр. Туризмэм зегъэужьыным хухах ахъшэкIэ инвестицэ Іуэхуу 5 ягъэзащIэ (псори зэхэту сом мелуан 77-м щIигъу и уасэу).

2019 гъэ лъандэрэ «Гъуэгуфl шынагъуэншэхэр» лъэпкъ Іуэхум ипкъ иткIэ зыгъэпсэхупIэ нэхъ цIэрыIуэхэм хуэкIуэ гъуэгу километри 100-м щIигъу мардэхэм кърагъэзэгъащ. 2025 - 2026 гъэхэм зэфIагъэкIа лэжьыгъэшхуэхэм ящыщщ Шэджэм ЕтIуанэ - Булунгу гъуэгур зэгъэпэщыжыныр (Шэджэм Ищхъэрэ къуажэм и щIыуэпс, тхыдэ-щэнхабзэ щIыпIэ дахэхэм екIуалIэу). Къищынэмыщlауэ, мы зэманым йолэжь «Нарзанхэм я аузымрэ» «Джилы-Су» щIыпIэмрэ кIуэ гъуэгур къэгъэщIэрэщIэжыным.

Щхьэгъэпсом къыхигъэщащ автомобиль туризмэм зебгъэужьын щхьэкIэ, гъуэгухэм я фIагъыр Іэмал имыIэу зэлэжьыпхъэхэм зэращыщыр.

- Іуэхутхьэбзэхэм я фIагъым хэхъуэным и гугъу тщIымэ, туризм Іэнатlэр зи Іэщlагъэм хуэIэижь лэжьакIуэхэмкIэ къызэгъэпэщауэ зэрыщытыпхъэр гурыIуэгъуэщ. Мы зэманым туризмэмрэ хьэщIагъэмрэ Іэщlагъэлlхэр щыхуагъэхьэзыр Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетымрэ, - пищащ къэпсэлъам. - 2027 гъэм ди мурадщ КъБКъМУ-м гастрономиемкIэ институт къыщызэIутхыну. Абы щагъэхьэзырынущ пщэфIэным, Іэфlыкlэхэр гъэхьэзырырным, туризмэмрэ хьэщIагъэмрэ епха Іэщlагъэлlхэр. Апхуэдэуи икъукIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ еджапIэхэм къыщIагъэкIхэм республикэм лэжьапIэ щагъуэтыным. Абы щхьэкIэ еджакIуэхэр Іуэхущlапlэхэм практикэ гъэкIуэн, а лъэныкъуитIыр зэдэгъэлэжьэн хуейщ.

Министрым и къуэдзэм дыщIигъуащ зыгъэпсэхуакIуэхэр къезышэкIхэм щIыналъэм и тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ фIыуэ ящIэн зэрыхуейри. А Іуэхум тещIыхьауэ, Къэбэрдей-Балъкъэрыр Кавказ Ищхъэрэм щыяпэу экскурсоводхэмрэ зыплъыхьакIуэхэм я зэдзэкlакIуэхэмрэ я щIэныгъэр къэпщытэным иужь ихьащ. Мы зэманым щыхьэт тхылъхэр иратыжащ Іэщlагъэлl 367-м.

Урысейм и МЧС-м и управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм и унафэщIым и япэ къуэдзэ Хьэщхъуэжь Елдар къыщыпсалъэм жиIащ 2026 гъэр зэрыщIидзэрэ къегъэлакIуэхэм бгым къэлъыхъуэныгъэ 86-рэ зэрыщрагъэкIуэкIар, цIыхуи 115-рэ къызэрырагъэлар, 35-рэ зэрыхэкIуэдар. Къэпсэлъам къызэригъэлъэгъуамкIэ, нэхъыбэрэ апхуэдэ гузэвэгъуэхэм щхьэусыгъуэ яхуэхъур борэн зэрыщыIэнур жраIами, цIыхухэр зэрымыдаIуэрщ.

Я Іуэхущlапlэхэм зэфIагъэкIахэм зэIущIэм щытепсэлъыхьащ Налшык къалэм и щIыпIэ администрацэм Къалэм, курортымрэ туризмэмрэ зегъэужьынымкIэ и департаментым и унафэщI Илларионовэ Наталие, Іуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Ахъмэт Ильяс, «Идарей» хьэщIэщым (Аушыджэр къуажэм щыIэщ) и унафэщI Айтэч Миленэ, «Налшык курорт» АО-м и унафэщI Афэ Хьэсэнбий сымэ.

ЗэIущIэм хэтахэр тепсэлъыхьащ хьэщIэщ унэхэм Іуэхутхьэбзэхэр къызэрызэрагъэпэщым, «Іуащхьэмахуэ лъапэ» зыгъэпсэхупIэм и кIапсэ гъуэгухэмрэ машинэ гъэувыпIэхэмрэ я уасэхэр зыхуэдэнум, пэшхэм я бжыгъэм зэрыхагъэхъуэнум, бгым зыщызыгъэпсэхухэм я шынагъуэншагъэр къызэрызэрагъэпэщынум, нэгъуэщIхэми. ЖаIахэмрэ къыхалъхьа Іуэхухэмрэ къэлъытауэ, КъБР-м и Парламентым и комитетым унафэ къищтащ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

● УФСБ-м къет

Фадэхэкl куэд къытрахащ

КъБР-м щыIэ УФСБ-м и лэжьакIуэхэм къэлъыхъуэныгъэхэр ирагъэкIуэкIыу къыщIагъэщащ илъэс 37-рэ зи ныбжь, Лэскэн районым щыпсэу Къуийцlыкlу Т.А. фадэхэкIхэр гъэхьэзырыным, хабзэм къигъэув маркировкэхэр темылъу игъэкIыным зэрыпыщIар.

ХЬЭТУЕЙ къуажэм къыщагъуэтащ контрафакт фадэхэкIхэр щагъэхьэзыр цех щэху. Хабзэншагъэкlэ иригъэкIыну хьэзыр птулъкIэ мини 3-м нэблагъэ, федеральнэ маркэхэр зытемылъхэр, апхуэдэуи спиртхэкI литр мини 5-м щIигъу къытрахащ.

Аруан район судым и унафэ къару зыгъуэтам ипкъ иткIэ Къуийцlыкlу Т. А. къуаншэу къалъытащ УФ-м и УК-м и 171.1 статьям и 6-нэ Іыхьэм и «б» пунктым, 171.3 статьям и 2-нэ Іыхьэм и «б» пунктым къыщыхьа щIэпхъаджагъэхэмкIэ. Абы къуэдыуэ сом мелуани 3-м щIигъу ипшыныну тралъхьащ.

Мы махуэхэм

Щэкlуэгъуэм и 7, *щэбэт*

♦**1917 гъэм** Урысейм щекIуэкIащ Жэпуэгъуэ революцэшхуэр.

♦**1928 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым лэжьэн щыщIидзащ Акъбащ ГЭС-м.

♦**1914 гъэм** къалъхуащ адыгей усакIуэ **Ехъулlэ Сэфар**.

♦**1924 гъэм** къалъхуащ усакIуэ, журналист **Щоджэнцlыкlу Нурий**.

♦**1930 гъэм** къалъхуащ техникэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъМУ-м и профессору щыта, УФ-ми КъБР-ми щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Быгуэ Хьэзрэталий**.

♦**1935 гъэм** къалъхуащ усакIуэ, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къэжэр Пётр**.

♦**1938 гъэм** къалъхуащ усакIуэ, журналист, жылагъуэ лэжьакIуэ **Джэдгъэф Борис**.

♦**1939 гъэм** къалъхуащ уэрэджыIакIуэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артист **Анзорыкъуэ Чеслав**.

♦**1942 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, тхыдэдж **Бейтыгъуэн Сэфарбий**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 9 - 10, жэщым градуси 2 - 4 щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 4-кIэ зихъуэжынущ.

Щэкlуэгъуэм и 8, *тхьэмахуэ*

♦**1914 гъэм** къалъхуащ УФ-м щIыхь зиIэ и артист **Жыгун Тимэ**.

♦**1924 гъэм** къалъхуащ педагогикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, АР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Шорэ Ибрэхьим**.

♦**1932 гъэм** къалъхуащ КъБАССР-м щIыхь зиIэ и нартыхугъэкI, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Щауэ Іэхьед**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм къешх-къесу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 3 - 5, жэщым градус 0 - 2 щыхъунущ.

Щэкlуэгъуэм и 9, *блыщхьэ*

♦**Фашизмэм, расизмэм, лъэпкъ зэхэгъэж щIыным япэщIэтыным и дунейпсо махуэщ**

♦**Радиацэм пэщIэтыным хуэунэтIа акцэхэм я дунейпсо махуэщ**

♦**1940 гъэм** къалъхуащ адыгей усакIуэ **Хьэлэш Сэфарбий**.

♦**1941 гъэм** къалъхуащ УФ-м и цIыхубэ сурэтыщI, КъБР-м щIыхь зиIэ и сурэтыщI, Красноярск дэт художественнэ институтым и профессор, РАХмрэ ЩIДАА-мрэ я академик **Пащты Герман**.

♦**1966 гъэм** къалъхуащ Тыркум щыпсэу адыгэ тхакIуэ **Решат (Къущхьэ) Севим**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 3 - 5, жэщым градус 0 - 1 щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 4-кIэ зихъуэжынущ.

Къытхэхъуащ

Дыгъуасэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщалъхуащ сабий 23-рэ. Абыхэм ящыщу 14-р хъыджэбз цIыкIущ, 9-р щIалэщ.

Щэкlуэгъуэм зэрыщIидзэрэ щIыналъэм дунейм къыщытехьащ сабии 126-рэ, илъэсым и пэщIэдзэм щегъэжьауэ 7328-рэ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Псы къэмыжэм псыхьэлыгъуэ хьумыш.



Лъэпкъ гъащIэм щхъуэкIэплъыкIэу зэхыхьэу къэхъугъэ куэд щызэблокI, зэзэмызэ гу зылъытапхъэ нэхъыщхьэхэм ущытрагъэплъэкъукI къэхъуу. Ауэ щыхъукIи цIыхур зыIэпызышэ дунеягъэ Iуэхухэм я нэхъыбэр лъэужьыншэу мэкIуэдыжри, уахътыншэ хъур лъэпкъым и гъащIэр зыуэзщI гуащIэдэкIырщ. Нэхъ пыухыкIауэ жыпIэмэ, бзэмрэ щэнхабзэмрэ ехьэлIауэ лъэпкъым къиIэт Iуэхугъуэхэрщ кIуэдыж зимыIэр, абы и щIэжымрэ зэхэщIыкIымрэ лъабжьэ быдэ яхуэхъур.

АНЭДЭЛЪХУБЗЭРАЩ ди япэ итахэм я Iущыгъэр зыхъумэр, щэнхабзэращ лъэпкъыр щыIэныгъэм хэмыкIуэдэжу ипэкIэ зыгъэкIуатэр. Тхыдэм къызэрыхэщщи, сыт хуэдиз гугъуехьым лъэпкъыр пхымыкIми, къанэр зи щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр зыхъумэрщ, ахэр щIэблэм я деж нэзыхьэсырщ. Ауэ а хъугъуэфIыгъуэхэр хъума хъун папщIэ, лIэужь къэс гудзакъэ зиIэ цIыхухэр къыхэкIын хуейщ, и псэуныгъэр а IэнатIэм зэрыщыткIэ щхьэузыхь хуищIу. Адыгэхэм ди насыпти, апхуэдэ цIыху Iумахуэхэр къытхэкIащ, гъащIэ гъуэгум тещхьэрыукIыу лъэпкъыр лъэныкъуэкIэ емыбгъунлъэкIын папщIэ, я махуэри я жэщри нэхъ лъапIэ дыдэм – бзэмрэ щэнхабзэмрэ – иратауэ. Апхуэдэщ, псалъэм и хьэтыркIэ, Нэгумэ Шорэ, СулътIан Хъан-Джэрий, ХьэтIохъущокъуэ Къазий, Бырсей Умар, Тамбий Пагуэ, нэгъуэщIхэри.

Зи цIэ къитIуа узэщIакIуэхэм ябгъурыгъэувэжын хуейщ адыгэ гъащIэм лъэужь дахэ къыщызына, зи щыIэныгъэр лъэпкъыр узэщIыным езыта, анэдэлъхубзэм теухуауэ лэжьыгъэ гъэщIэгъуэнхэр къызыбгъэдэкIа, гупсысакIуэу икIи ущиякIуэу щыта Анчокъуэ Хьэжыбэч Щыхьымджэрий и къуэр. Тобэ ирехъуи, зи лэжьыгъэфIхэмкIэ лъэпкъ тхыдэм зи цIэ къыхэна узэщIакIуэхэм щIапумыдзыхын гуащIэ къылъыкъуэкIащ къызэралъхурэ мы махуэхэм илъэси 180-рэ ирикъу лIы щэджащэм.

Адыгэ дунейм зэхъуэкIыныгъэхэр щигъуэта, лъэпкъым и нэхъыбэм адэжь лъахэр щабгына, щыIэкIэщIэм зратыжын папщIэ, дунейлъагъукIэр щIэрыщIэу зэтриублэжу щыхуежьа лъэхъэнэ хьэлъэхэм хуэзащ Анчокъуэм и гъащIэр. Зымащ!экIэ нэхъ мыхъуми, и лъэпкъэгъухэр зыхэт гугъуехьхэр ящигъэпсынщIэн папщIэ, Анчокъуэ Хьэжыбэч и пщэ дилъхьэжащ ахэр кIуэдыпIэм къыIэщIихыу гъуэгу дахэм тегъэувэныр, дуней псом къезыгъэцIыхуа Адыгэ Хабзэмрэ анэдэлъхубзэмрэ я мыхьэнэр мыужьыхыу зей цIыхухэм зэхегъэщIыкIыныр. ИкIи, зэрыщыт дыдэм хуэдэу жыпIэмэ, Анчокъуэм ущIэгушхуэн лIыгъэ къыкъуэкIащ: адыгэбзэм и макъхэр зэрыщыткIэ къызэщIиубыдэу алыфбей зэхигъэуващ, лъэпкъ бзэщIэныгъэм и фIэщыгъэхэм я лъабжьэр игъэтIылъащ, жылагъуэу ущытыныр зэрыфIыгъуэшхуэр къаригъащIэу, цIыхухэр тхыбзэм щыхуригъасэ еджапIэ къызэIуихащ.

Ауэ Хьэжыбэч и мыхьэнэр щIэныгъэузэщIакIуэ Iуэхугъуэхэм къыщыувыIэркъым. Абы и щIыкIэр, и щэн дахэр, и дуней тетыкIэр цIыхухэм нобэр къыздэсым ящыгъупщакъым, нэхъыжьхэм деж щатхыж Iуэрылуатэхэми мымащIэу къыхощ. Ефэнды Iущкlэ зэджэу щыта Анчокъуэ Хьэжыбэч фIэщхъуныгъэр хьэкъыу зыпхыкIа цIыхути, лъэпкъым къыдекIуэкI хабзэхэми диным къигъэув фарзхэми фIы дыдэу щыгъуазэт, дэтхэнэри къызэрымыкIуэу дахэу зэблигъэкIырт, хьэкум ищIэну дзыхь къыщрагъэзкIи, зэпэщIэт лъэныкъуитIым я губгъэн къимыхьу, зэрызэфIыжын, зэрызэгурылуэжын, ауэ щыхъукIи, пэжымрэ захуагъэмрэ ищIыIу къакIуэу, зыпэрагъэува IэнатIэр кърихьэлIэрт. Апхуэдэ щIыкIэкIэ Анчокъуэ Хьэжыбэч лъэныкъуэ куэдкIэ зэчий зыбгъэдэлъа, зи псалъэрэ зи щапхъэрэ иужькIэ куэдым гъуазэ яхуэхъуа цIыху хьэлэмэту ди нэгу къыщIоувэ.

Анчокъуэ Хьэжыбэч 1846 гъэм Мейкъуапэ пэмыжыжьэу, Щхьэгущэ и Iуфэм Хъотхкlэ еджэу Iуса абазэхэ къуажэ цIыкIум къыщалъхуащ. И ныбжьыр илъэсий фIэкIа мыхъууэ, унагъуэм я нэхъыжьыр – Щыхьымджэрий – дунейм ехыжащ. Джаур зауэжьым и гуащIэгъуэти, щIыбагъыншэу къэна цIыхубзым быныр зэщIикъуэри, щалъхуа Къулэкъуэхьэблэ, и дэлъхухэм я деж, игъэзэжащ. Анчокъуэр илъэс зыбжанэкIэ и анэшхэм, Джанчатэхэ Джатэгъэжьрэ Елмырзэрэ, я деж щыIащ. Мыбдеж щIалэщIэм иужькIэ гъащIэм къыщыхуэщхьэпэжа щIэныгъэ куэд анэшхэм къабгъэдихащ. Джанчатэхэ Iэщ гъэхъуным епхати, Iэщыр зехуэщхьэпэнур кIахэ адыгэхэм я закъуэтэкъым, атIэ къэбэрдей адыгэхэри абыкIэ зэхэгъэува тхыгъэхэм хуиту къеджэфынут.

Мыпхуэдэу щIыжытIэм щхьэусыгъуэ иIэщ. Анчокъуэ Хьэжыбэч Армавир (Ермэлыхьэблэ) пэмыжыжьэу щыс адыгэ къуажэхэм зыбжанэкIэ щыпсэуащ, ефэнды IэнатIэр зэрихьэу. Бэчмырзейрэ Щхьэщэхужрэ щыпсэуащ, иджырей адыгэбзэм тегъэщIапIэ ищI тхэкIэм щыгъуазэми, «ефэндыжьым и алыфбейр» жаIэу, Анчокъуэм зэхилъхьа алыфбейр фIыуэ ящIэжу, абыкIэ тхэуэ. Анчокъуэм и алыфбеймкIэ зэхуэтхэрт Щхьэщэхуж щыпсэу абазэхэхэмрэ кIэмыргуейхэмри, Бэчмырзей щыщ беслъэнейхэри, мыдэкIэ Хьэжрэтым хыхьэ къэбэрдей къуажэхэм дэсхэри. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, Анчокъуэ Хьэжыбэч и тхыпкъылъэр адыгэ псоми я зэхуэдэу щIэин мэхъу.

Щхьэщэхуж икIи Бэчмырзей къуажэхэм Анчокъуэр зэи ящыгъупщакъым. Анчокъуэ Хьэбракъ и хьэщIэщым заулрэ иса Хьэжыбэч цIыхур уэру къыкIэлъыкIуэрт, зи Iуэху зэхэзэрыхьахэм ар упщIэжакIуэ къащIырт, ауэ сытми и псэлъэкIэр зэхахыну къыкIэлъыкIуэхэри мащIэтэкъым. Хьэжыбэч зы пщыхьэщхьэ димыгъэкIыу цIыхухэм уаз яритырт, дунейм къыщекIуэкI мыхъумыщIагъэхэм зыпыIуадзыну, фIым сыт щыгъуи хуеплъэкIыну, псапэр, гуапэр, напэр зищIысыр зыщамыгъэгъупщэу псэуну къыхуриджэу. «Мывэкlэ къоуэм кхъуейкlэ еуэж», – жаIэ. Хьэжыбэч зи жагъуи щыIагъэнщ, ауэ дапщэщи тэмакъкIыхьащ, щхьэкIуэмрэ щIэщхъумрэ Тхьэ Закъуэм бгъэдилъхьэфащ. И хъуапсэ псори лъэпкъым теухуати, зыгъэужьыхыну е зыгъэувыIэну къыщыхъу Iуэху жьгъейхэм яблэкIыфырт, нэхъыщхьэу къилъытэмкIэ, цIыхухэр узэщIынымкIэ нэхъыбэм зэралъэIэсыным хущIэкъурт. Егъэлеяуэ цIыху щабэт, гумащIэт, гузавэм зыдищIу гухэ щыхъу щыIэт, зи Iуэху къехъулIам апхуэдизкIэ щыгуфIыкIыфырти, абы и ехъулIэныгъэр къуажэ псом ейуэ къыщалъытэр Iэджэрэт. Зыхуэзэфl эмыкIэми ядэIэпыкъунут. Зи Iуэху емыхъулIэм псалъэр къемэщIэкIыу къилъытэри, Iуэхукlэ щIэгъэкъуэн хуэхъурт. Апхуэдэ щапхъэхэр куэд дыдэ мэхъу.

Анчокъуэ Хьэжыбэч зи иужь ит Iуэху дахэр бжьыпэр къэралым щызыубыдахэм зэи яфIэфIакъым. Диныр зи Iэпэгъу цIыхум и дуней лъагъукIэр абыхэм ейм аркъудей техуэртэкъым, зи ужь ит узэщIакIуэ лэжьыгъэми шынагъуэ халъагъуэрт. И ныбжьыр зэрыхэкIуэтам щхьэкIэ къамыгъанэу, Анчокъуэр 1921 гъэм пцIы къытралъхьэри ягъэтIысащ. Ар Краснодар (Бжьэдыгъукъалэ) дэт лъэхъуэщым мазэ зыбжанэкIэ щаIыгъащ, къыщеуэлIа узми ихьыжащ – а илъэс дыдэм мэлыжьыхьым и 5-м дунейм ехыжащ.

Анчокъуэ Хьэжыбэч дунейм ехыжа нэужь, и Iэрттхэр псори и къуэ Нухь къыхуэнащ. Абы хузэфIэкI къигъэнакъым и адэм и цIэр ухеижыным и Iуэхукlэ. 1950 гъэхэм Нухь адэм къыщIэна дэфтэрхэр зэрыщыткIэ Бжьэдыгъукъалэ дэт тхыдэ-археологие музейм иритащ. Иужьы Iуэкlэ, 1970 гъэхэм, дэфтэрхэм я ныкъуэр Мейкъуапэ дэт Лъэпкъ музейм къратыжащ. Нухь и фIыгъэкIэ узэщIакIуэм и щIэиныр мыкIуэду къызэтенащ, нобэкIэ ахэр зэуIу ящIу къытрадзэным лэжьыгъэшхуэ иращIэкI.

Анчокъуэ Хьэжыбэч и щIэину ди деж къэсахэм уащыхэплъэкIэ, ар гупсысакIуэу зэрыщытар, и гур къызыхэкIа лъэпкъым хуитхьэщIыкIауэ зэрыщытар зыхыбощIэ. Абы и фIыгъэкIэ и лъэхъэнэм псэуа куэдым я лъэпкъ щIэжыр къызэщыуащ, адыгэхэм хуащIэнумкIэ жэрдэм щIагъуэхэр къыхалъхьэ хъуащ. Хэкум икIыжыныр къызэтегъэувыIэнымкIэ, къыдэкIуэтей щIэблэм щIэныгъэ етынымкIэ, адыгэбзэм и пщIэр къэIэтауэ хуэфащэ увыпIэр еджапIэхэм щегъэубыдынымкIэ, нэхъыжьхэм къахьэса Iуэрылуатэхэр тхыжынымкIэ Анчокъуэ Хьэжыбэч хузэфIэкIар къыпхуэмылъытэн хуэдизщ. Дэ къытхуэнэр мащIэ дыдэщ: зи гуащIэмрэ щIэныгъэмрэ адыгэхэм щхьэузыхь яхуэзыщIа лIыфIым и пщIэр къэIэтыжынырщ, лъэпкъ тхыдэми къыщылъыс и увыпIэр егъэгъуэтыжынырщ. Адыгэ жьантIэр зыхуэфащэ Анчокъуэ Хьэжыбэч и щIэиным къыщIэбгъалъэ пэтми имыух хъугъуэфIыгъуэхэр и мащIэкъыми, ар адэкIэ тхьыныр дэтхэнэми ди хьэкъщ.

ТАБЫЩ Мурат,
«Адыгэ псалъэ» газетым и щIэныгъэ обозреватель.

● Жыжьэ - гъунэгъу

КъыщIэбгъалъэ пэтми имыух



ТВ НЭТЫНХЭР

Блыщхьэ, щэкIуэгъуэм и 9

05.00 «Доброе утро»
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.25 «Модный приговор» (0+)
10.15 «Жить здорово!» (16+)
11.00, 12.15, 18.30 «Время покажет» (16+)
14.00, 17.00, 23.00 «Большая игра» (16+)
15.15 Давай поженимся! (16+)
16.05 «Мужское/Женское» (16+)
18.00 Вечерние новости
19.50 «Пусть говорят» (16+)
21.00 «Время»
22.00 Т/с «НОВОРОССИЯ. ПОТЕМКИН» (16+)
00.10 «Время героев» (16+)
01.15, 03.05 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

РОССИЯ 1

05.00 Утро России
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00 Вести
09.30 Местное время
09.55 О самом главном (12+)
11.30 Вести. Местное время
12.00, 18.00 «60 минут» (12+)
14.30, 02.15, 03.30 Т/с «РАЙСКИЙ. ПРОДОЛЖЕНИЕ» (16+)
17.00 «Малахов» (16+)
21.10 Вести. Местное время
21.30 Т/с «БАЛТИЙСКОЕ МОРЕ» (16+)
23.40 Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)

НТВ

06.00, 08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.20 «Сегодня»
06.25 «Утро. Самое лучшее» (16+)
08.25, 10.35 Т/с «ЛЕСНИК. СВОЯ ЗЕМЛЯ» (16+)
13.25 «Чрезвычайное происшествие»
14.00 «Место встречи» (16+)
16.45 «За гранью» (16+)
17.50 «ДНК» (16+)
20.00 Т/с «ОГОНЬ» (16+)
22.10 Т/с «СКОРАЯ ПОМОЩЬ» (16+)
00.35 «Ч.Т.Д.» с Маргаритой Симоньян (16+)
01.10 Т/с «ЧУЖАЯ СТАЯ. НЕВИДИМЫЙ ВРАГ» (16+)

ТЕЛЕКАНАЛ ЗВЕЗДА

05.30 Х/ф «ОДИН ШАНС ИЗ ТЫСЯЧИ» (16+)
07.00 «Сегодня утром» (12+)
09.00, 13.00, 17.00 Новости дня (16+)
09.15 «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
11.00 «Мотивашки». Д/с (16+)
11.20 «Военное образование. С учетом боевого опыта». Д/с. «Инженеры-кораблестроители» (16+)
12.05, 13.25, 15.05 Т/с «ТУЛЬСКИЙ-ТОКАРЕВ» (16+)
15.00 Военные новости (16+)
15.40, 17.15, 18.40 Т/с «ТУЛЬСКИЙ-ТОКАРЕВ» (16+)
18.00 Новости дня (16+)
19.30 «Специальный репортаж» (16+)
19.45 «По горячим следам» (16+)
20.00 «Скрытые угрозы» с Николаем Чиндяйкиным (16+)
20.50 «Открытый эфир». Ток-шоу
22.35 «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
23.05 Х/ф «ГОЛУБЫЕ ДОРОГИ» (16+)
01.00 Х/ф «ЗАПАСНОЙ ИГРОК» (16+)
02.30 Т/с «ТУЛЬСКИЙ-ТОКАРЕВ» (16+)

МАТЧ!

06.00 «Команда мечты» (12+)
07.00, 09.30, 11.55, 14.40 Новости
07.05, 23.35 Все на Матч! Прямая трансляция
09.35 Лица страны (12+)
09.55 Смешанные единоборства. В. Кортес-Акоста - Дж. Уокер. UFC. Трансляция из США (16+)
11.25, 01.55 «Футбольная нация» (12+)
12.00 Есть тема! Прямая трансляция
13.15 Футбол. Альфа-банк. Российская премьер-лига. Обзор тура (6+)
14.20 «Специальный репортаж» (12+)
14.45 Громко. Прямая трансляция
15.45 Смешанные единоборства. И. Прохазка - К. Олберг. UFC. Трансляция из США (16+)
17.55 Плавание. Чемпионат России (бассейн 25 м). Прямая трансляция из Санкт-Петербурга
19.20 Хоккей. СКА (Санкт-Петербург) - «Спартак» (Москва). Фонбет. Чемпионат КХЛ. Прямая трансляция
22.00 Бильярд. BetBoom. Лига чемпионов. Прямая трансляция из Москвы
00.55 Футбол. Альфа-Банк Российская Премьер-Лига. Обзор тура (6+)
02.25 Гандбол. ЦСКА - «Ростов-Дон» (Ростов-на-Дону). Чемпионат России. Суперлига. Женщины (6+)
03.55 Новости (0+)
04.00 Прыжки на батуте. Чемпионат мира. Трансляция из Китая (6+)

Гъубж, щэкIуэгъуэм и 10

05.00 «Доброе утро»
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.25 «Модный приговор» (0+)
10.15 «Жить здорово!» (16+)
11.00, 12.15 «Время покажет» (16+)
14.00, 17.00, 23.00 «Большая игра» (16+)
15.15 Давай поженимся! (16+)
16.05 «Мужское/Женское» (16+)
18.00 Вечерние новости
18.40 Д/ф «Изъято из архива». К Дню сотрудника органов внутренних дел РФ (16+)
19.40 «Пусть говорят» (16+)
21.00 «Время»
22.00 Т/с «НОВОРОССИЯ. ПОТЕМКИН» (16+)
00.10, 03.05 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

РОССИЯ 1

05.00 Утро России
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00 Вести
09.30 Местное время
09.55 О самом главном (12+)
11.30 Вести. Местное время
12.00, 18.00 «60 минут» (12+)
14.30, 02.15, 03.30 Т/с «РАЙСКИЙ. ПРОДОЛЖЕНИЕ» (16+)
17.00 «Малахов» (16+)
21.10 Вести. Местное время
21.30 Т/с «БАЛТИЙСКОЕ МОРЕ» (16+)
23.40 Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)

НТВ

06.00, 08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.20 «Сегодня»
06.25 «Утро. Самое лучшее» (16+)
08.25, 10.35 Т/с «ЛЕСНИК. СВОЯ ЗЕМЛЯ» (16+)
13.25 «Чрезвычайное происшествие»
14.00 «Место встречи» (16+)
16.45 «За гранью» (16+)
17.50 «ДНК» (16+)
20.00 Т/с «ОГОНЬ» (16+)
22.10 Т/с «СКОРАЯ ПОМОЩЬ» (16+)
00.35 «Захар Прилепин. Уроки русского» (16+)
01.10 Т/с «ЧУЖАЯ СТАЯ. НЕВИДИМЫЙ ВРАГ» (16+)
05.20 «Инфощит» (16+)

ТЕЛЕКАНАЛ ЗВЕЗДА

04.40 Т/с «ТУЛЬСКИЙ-ТОКАРЕВ» (16+)
07.00 «Сегодня утром» (12+)
09.00, 13.00, 17.00 Новости дня (16+)
09.15 «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
11.00 «Специальный репортаж» (16+)
11.20 «Военное образование. С учетом боевого опыта». Д/с. «На страже неба» (16+)
12.05, 13.25, 15.05 Т/с «ТУЛЬСКИЙ-ТОКАРЕВ» (16+)
15.00 Военные новости (16+)
15.40, 17.15, 18.40 Т/с «ТУЛЬСКИЙ-ТОКАРЕВ» (16+)
18.00 Новости дня (16+)
19.30 «Специальный репортаж» (16+)
19.45 «По горячим следам» (16+)
20.00 «Улика из прошлого» (16+)
20.50 «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
22.35 «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
23.05 Х/ф «ИСПЫТАТЕЛЬНЫЙ СРОК» (16+)
01.15 Х/ф «ОПАСНЫЕ ТРОПЫ» (16+)
02.15 «Москва фронту». Д/с (16+)
02.35 Т/с «ТУЛЬСКИЙ-ТОКАРЕВ» (16+)

МАТЧ!

06.00 «Команда мечты» (12+)
07.00, 09.30, 11.55, 14.40 Новости
07.05, 14.45, 23.35 Все на Матч! Прямая трансляция
09.35, 14.20 «Специальный репортаж» (12+)
09.55 Профессиональный бокс. А. Сироткин - Р. Майорги. Трансляция из Нижнего Новгорода (16+)
11.25, 01.55 «Футбольная нация» (12+)
12.00 Есть тема! Прямая трансляция
13.15 «Герои Мельбурна» (12+)
13.50 Дело № (16+)
15.45 Смешанные единоборства. В. Кортес-Акоста - Дж. Уокер. UFC. Трансляция из США (16+)
17.55 Плавание. Чемпионат России (бассейн 25 м). Прямая трансляция из Санкт-Петербурга
19.20 Хоккей. «Нефтехимик» (Нижнекамск) - «Салават Юлаев» (Уфа). Фонбет. Чемпионат КХЛ. Прямая трансляция
22.00 Бильярд. BetBoom. Лига чемпионов. Прямая трансляция из Москвы
00.55 Д/ф «Энди Маррей» (12+)
02.25 Самбо. Чемпионат мира. Трансляция из Узбекистана (12+)
03.55 Новости (0+)
04.00 Прыжки на батуте. Чемпионат мира. Трансляция из Китая (6+)

Бэрэжьей, щэкIуэгъуэм и 11

05.00 «Доброе утро»
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.25 «Модный приговор» (0+)
10.15 «Жить здорово!» (16+)
11.00, 12.15, 18.30 «Время покажет» (16+)
14.00, 17.00, 23.00 «Большая игра» (16+)
15.15 Давай поженимся! (16+)
16.05 «Мужское/Женское» (16+)
18.00 Вечерние новости
19.50 «Пусть говорят» (16+)
21.00 «Время»
22.00 Т/с «НОВОРОССИЯ. ПОТЕМКИН» (16+)
00.00 «Шоу Вована и Лексуса» (16+)
01.00, 03.05 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

РОССИЯ 1

05.00 Утро России
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00 Вести
09.30 Местное время
09.55 О самом главном (12+)
11.30 Вести. Местное время
12.00, 18.00 «60 минут» (12+)
14.30, 02.15, 03.30 Т/с «РАЙСКИЙ. ПРОДОЛЖЕНИЕ» (16+)
17.00 «Малахов» (16+)
21.10 Вести. Местное время
21.30 Т/с «БАЛТИЙСКОЕ МОРЕ» (16+)
23.40 Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)

НТВ

06.00, 08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.20 «Сегодня»
06.25 «Утро. Самое лучшее» (16+)
08.25, 10.35 Т/с «ЛЕСНИК. СВОЯ ЗЕМЛЯ» (16+)
13.25 «Чрезвычайное происшествие»
14.00 «Место встречи» (16+)
16.45 «За гранью» (16+)
17.50 «ДНК» (16+)
20.00 Т/с «ОГОНЬ» (16+)

Махуэку, щэкIуэгъуэм и 12

05.00 «Доброе утро»
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.25 «Модный приговор» (0+)
10.15 «Жить здорово!» (16+)
11.00, 12.15, 18.30 «Время покажет» (16+)
14.00, 17.00, 23.00 «Большая игра» (16+)
15.15 Давай поженимся! (16+)
16.05 «Мужское/Женское» (16+)
18.00 Вечерние новости
19.50 «Пусть говорят» (16+)
21.00 «Время»
22.00 Т/с «НОВОРОССИЯ. ПОТЕМКИН» (16+)
00.10, 03.05 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

РОССИЯ 1

05.00 Утро России
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00 Вести
09.30 Местное время
09.55 О самом главном (12+)
11.30 Вести. Местное время
12.00, 18.00 «60 минут» (12+)
14.30 Т/с «РАЙСКИЙ. ПРОДОЛЖЕНИЕ» (16+)
17.00 «Малахов» (16+)
21.10 Вести. Местное время
21.30 Т/с «БАЛТИЙСКОЕ МОРЕ» (16+)
23.40 Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)

НТВ

06.00, 08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.20 «Сегодня»
06.25 «Утро. Самое лучшее» (16+)
08.25, 10.35 Т/с «ЛЕСНИК. СВОЯ ЗЕМЛЯ» (16+)
13.25 «Чрезвычайное происшествие»
14.00 «Место встречи» (16+)
16.45 «За гранью» (16+)
17.50 «ДНК» (16+)
20.00 Т/с «ОГОНЬ» (16+)
22.10 Т/с «СКОРАЯ ПОМОЩЬ» (16+)
00.40 «Поздняков» (16+)
00.55 Т/с «СКОРАЯ ПОМОЩЬ» (16+)
02.50 Т/с «ЧУЖАЯ СТАЯ. НЕВИДИМЫЙ ВРАГ» (16+)

ТЕЛЕКАНАЛ ЗВЕЗДА

05.20 Х/ф «СОЛДАТ ИВАН БРОВКИН» (16+)
07.00 «Сегодня утром» (12+)
09.00, 13.00, 17.00 Новости дня (16+)
09.15 «Открытый эфир». Ток-шоу
11.00 «Специальный репортаж» (16+)
11.15, 13.25 Х/ф «СВОЙ СРЕДИ ЧУЖИХ, ЧУЖОЙ СРЕДИ СВОИХ» (16+)
13.50, 15.05 Т/с «ДЖУЛЬБАРС» (16+)
15.00 Военные новости (16+)
16.20, 17.15, 18.40 Т/с «ДЖУЛЬБАРС» (16+)
18.00 Новости дня (16+)
19.30 «Специальный репортаж»
19.45 «По горячим следам» (16+)
20.00 «Код доступа» (12+)
20.50 «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
22.35 «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
23.05 Х/ф «АДМИРАЛ УШАКОВ» (16+)
01.20 Х/ф «КОРАБЛИ ШТУРМУЮТ БАСТИОНЫ» (16+)
02.55 Х/ф «ДЕВУШКА С ХАРАКТЕРОМ» (16+)
04.20 «Военное образование. С учетом боевого опыта». Д/с (16+)

МАТЧ!

06.00 «Команда мечты» (12+)
07.00, 09.30, 11.55, 14.40 Новости
07.05, 14.45, 19.30, 23.00 Все на Матч! Прямая трансляция
09.35, 14.20 «Специальный репортаж» (12+)
09.55 Смешанные единоборства. В. Слипенко - У. Гаджидаудов. АСА. Трансляция из Москвы (16+)
11.25, 01.55 «Футбольная нация» (12+)
12.00 Есть тема! Прямая трансляция
13.15 «Формула-1. Гаснут огни»
13.50 Дело № (16+)
15.45 Спорт.Док (12+)
16.50 Хоккей. «Салават Юлаев» (Уфа) - «Ак Барс» (Казань). Фонбет. Чемпионат КХЛ. Прямая трансляция
20.25 Матч! Парад (6+)
20.55 Футбол. «Навалькарнеро» - «Бетис». Кубок Испании. Прямая трансляция
23.55 Профессиональный бокс. О. Маскаев - П. Охелло. Трансляция из Москвы (16+)
01.20 Профессиональный бокс. Х. Линарес - И. Кано. Трансляция из Венесуэлы (16+)
02.25 Самбо. Чемпионат мира. Трансляция из Узбекистана
03.55 Новости (0+)
04.00 Баскетбол. «Бетсити Парма» (Пермский край) - УНИКС (Казань). Единая лига ВТБ (6+)

Мэрем, щэкIуэгъуэм и 13

05.00 «Доброе утро»
09.00, 12.00, 15.00 Новости
09.25 «Модный приговор» (0+)
10.15 «Жить здорово!» (16+)
11.00, 12.15, 18.40 «Время покажет» (16+)
14.00, 17.00 «Большая игра» (16+)
15.15 Давай поженимся! (16+)
16.05 «Мужское/Женское» (16+)
18.00 Вечерние новости
19.45 «Поле чудес» (16+)
21.00 «Время»
21.45 «Голос. Дети». Новый сезон
23.25 Д/ф «Лиля Брик. Муза. Святая. Ведьма» (16+)
00.35 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

РОССИЯ 1

05.00 Утро России
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00 Вести
09.30 Местное время
09.55 О самом главном (12+)
11.30 Вести. Местное время
12.00, 18.00 «60 минут» (12+)
14.30 Т/с «РАЙСКИЙ. ПРОДОЛЖЕНИЕ» (16+)
17.00 «Малахов» (16+)
19.05 Х/ф «ПРЕДАТЕЛЬСТВО. РАСХОДНЫЙ МАТЕРИАЛ» (12+)
21.10 Вести. Местное время
21.30 «Ну-ка, все вместе!» (12+)
23.55 «Истории Большой Страны» (12+)
00.55 Х/ф «РАДУГА В ПОДНЕБЕСЬЕ» (16+)

НТВ

06.00, 08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00 «Сегодня»
06.25 «Утро. Самое лучшее» (16+)
08.25 Д/ф «Мои университеты. Будущее за настоящим» (6+)
09.25 «Человек в праве» с Андреем Куницыным (16+)
10.35 «Первая передача» (16+)
11.10 Т/с «ЛЕСНИК. СВОЯ ЗЕМЛЯ» (16+)
13.25 «Чрезвычайное происшествие»
14.00 «Место встречи» (16+)
16.50 «ДНК» (16+)
17.55 «Жди меня» (16+)
20.00 Т/с «ОГОНЬ» (16+)
22.10 Т/с «СКОРАЯ ПОМОЩЬ» (16+)
00.20 «Своя правда» с Романом Бабаяном (16+)
02.10 «Квартирный вопрос» (0+)
03.05 Х/ф «НАВОДЧИЦА» (16+)

ТЕЛЕКАНАЛ ЗВЕЗДА

05.10 Х/ф «ЗЕЛЕНЫЕ ЦЕПОЧКИ» (16+)
07.10, 09.25 Х/ф «СВОЙ СРЕДИ ЧУЖИХ, ЧУЖОЙ СРЕДИ СВОИХ» (16+)
09.00, 13.00, 17.00, 18.00 Новости дня (16+)
09.55 Х/ф «ЗАСТАВА В ГОРАХ» (16+)
12.05, 13.25, 15.05 Т/с «МАЙОР ВЕТРОВ» (16+)
15.00 Военные новости (16+)
17.15, 18.40 Т/с «СИНДРОМ ШАХМАТИСТА» (16+)
22.00 «Здравствуйте, товарищи!» (16+)
23.30 Х/ф «БАРМЕН ИЗ «ЗОЛОТОГО ЯКОРЯ» (16+)
01.00 Х/ф «СЕЛЬСКИЙ ВРАЧ»
02.50 Х/ф «ПОДКИДЫШ» (16+)
04.00 Х/ф «МАКСИМКА» (16+)
05.15 «Москва фронту». Д/с (16+))

МАТЧ!

06.00 «Команда мечты» (12+)
07.00, 09.30, 11.55, 14.40 Новости
07.05, 14.45, 22.00, 01.00 Все на Матч! Прямая трансляция
09.35 «Небесная грация» (6+)
09.55 Смешанные единоборства. У. Нурмагомедов - Д. Фигередо. UFC. Трансляция из США (16+)
11.25, 01.55 «Футбольная нация» (12+)
12.00 Есть тема! Прямая трансляция
13.15 Матч! Парад (6+)
13.50 Дело № (16+)
14.20 «По домам» (12+)
15.45 Чемпионы на все времена
16.30 Смешанные единоборства. One FC. Прямая трансляция из Таиланда
19.25 Хоккей. СКА (Санкт-Петербург) - «Динамо» (Минск). Фонбет. Чемпионат КХЛ. Прямая трансляция
22.55 Футбол. «Саламанка» - «Сельта». Кубок Испании. Прямая трансляция
02.25 Гандбол. ЦСКА - СКИФ (Краснодар). Чемпионат России. Суперлига. Мужчины (6+)
03.55 Новости (0+)
04.00 Волейбол. «Динамо» (Москва) - «Уралочка-НТМК» (Свердловская область). Чемпионат России. Суперлига. Женщины (6+)

Щэбэт, щэкIуэгъуэм и 14

1

06.00 Телеканал «Доброе утро. Суббота»
09.00 «Умницы и умники» (12+)
09.45 «Слово пастыря» (0+)
10.00, **12.00** Новости
10.15 Д/ф «Лиля Брик. Муза. Святая. Ведьма» (16+)
11.10 «Вспомнить все» (12+)
12.15 Поехали! (12+)
13.20 «Горячий лед». Фигурное катание. Гран-при России-2026. Этап V. Короткая программа. Заключительный этап (0+)
14.50 Т/с «ФОРМУЛА ПРЕСТУПЛЕНИЯ» (16+)
16.55 «Кто хочет стать миллионером?» (12+)
18.00 Вечерние новости
18.20 «Сегодня вечером» (16+)
21.00 «Время»
21.35 КВН. Высшая лига (16+)
23.55 Д/ф «Между адом и раем». К 205-летию со дня рождения Федора Достоевского (16+)
01.20 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

РОССИЯ 1

05.00 Утро России. Суббота
08.00 Местное время. Суббота
08.35 «По секрету всему свету»
09.00 «Формула еды» (12+)
09.25 «Пятеро на одного»
10.10 Сто к одному
11.00, **14.00**, **17.00**, **20.00** Вести
11.30 «Наши. Военкоры» (12+)
12.00 «Доктор Мясников» (12+)
13.00 Большие перемены
14.30 Вести. Местное время
14.50 «Юмор! Юмор! Юмор!!!» (16+)
17.50 «Привет, Андрей!» (12+)
20.50 Вести. Местное время
21.00 Х/ф «ПРИЕМНАЯ МАМА» (16+)
00.40 Х/ф «ЖИЛИЩНЫЙ ВОПРОС» (16+)
04.05 Х/ф «ЖИЛА-БЫЛА ЛЮБОВЬ» (16+)

НТВ

06.00 «Жди меня» (16+)
06.55 «Первая передача» (16+)
07.25 «Смотр» (16+)
08.00, **10.00**, **16.00** «Сегодня»
08.20 «Поедем, поедим!» (16+)
09.20 «Едим дома»
10.20 «Главная дорога» (16+)
11.00 «Живая еда» с Сергеем Малоземовым» (12+)
12.00 «Квартирный вопрос» (0+)
13.00 «Сатья» (16+)
14.00 «Однажды...» (16+)
15.00 «Своя игра» (0+)
16.20 ЧП. Расследование (16+)
17.00 «Следствие вели...» (16+)
18.00 Д/ф «Криминальная Россия. Самые громкие преступления» (16+)
19.00 «Центральное телевидение» с Вадимом Такменевым
20.20 «Ты не поверишь!» (16+)
21.20 «ВИА «Суперстар!» (16+)
01.15 Квартирник НТВ у Маргулиса (16+)
02.50 «Дачный ответ» (0+)
03.45 Х/ф «УДАЧНЫЙ ОБМЕН»
05.10 Д/ф «Криминальная Россия. Самые громкие преступления» (16+)

ЗВЕЗДА

05.35 Х/ф «САДКО» (16+)
07.20 Х/ф «ПОСЛЕ ДОЖДИЧКА, В ЧЕТВЕРГ...» (16+)
09.00, **13.00**, **18.00** Новости дня (16+)
09.15 «СССР. Знак качества» с Иваном Охлобыстиным» (12+)
10.00 «Не факт!» (12+)
10.30 «Народный ВПК». Д/с (12+)
11.00 Х/ф «ИЛЬЯ МУРОМЕЦ»
13.20 Х/ф «ЗОЛОТАЯ МИНА» (16+)
16.20, **18.25** Т/с «ОПЕРАЦИЯ «НЕМАН» (16+)
22.00 «Фетисов». Ток-шоу (12+)
22.50 «Военное образование. С учетом боевого опыта». Д/с (16+)
23.45 Х/ф «ВЕСЕННИЙ ПРИЗЫВ» (16+)
01.30 Х/ф «БАРМЕН ИЗ «ЗОЛОТОГО ЯКОРЯ» (16+)
02.45 Х/ф «ИЛЬЯ МУРОМЕЦ» (16+)
04.15 «Москва фронту». Д/с (16+)
04.40 Х/ф «ЗА ВИТРИНОЙ УНИВЕРМАГА» (16+)

МАТЧ!

06.00 Смешанные единоборства. Э. Вартанян - А. Резников. АСА. Трансляция из Сочи (16+)
07.00, **09.30**, **12.50** Новости
07.05, **15.00**, **21.00** Все на Матч! Прямая трансляция
09.35 Д/ф «Такие люди должны жить!» Алексей Прокуроров» (12+)
10.35 Х/ф «СО ДНА ВЕРШИНЫ» (12+)
12.55 Футбол. Суперлига. Женщины. Прямая трансляция
16.20 Хоккей. «Спартак» (Москва) - «Адмирал» (Владивосток). Фонбет. Чемпионат КХЛ. Прямая трансляция
18.55 Дзюдо. Мировой тур. Гран-при. Прямая трансляция из Хорватии
22.10 Профессиональный бокс. Дж. Форман - М. Мурер. А. Маргарито - Ш. Мозли. Забытая классика (16+)
23.55 Д/ф «Майк Тайсон. Железные кулаки» (16+)
01.00 Смешанные единоборства. С. Ган - Дж. Хокит. UFC. Прямая трансляция из США

Тхьэмахуэ, щэкIуэгъуэм и 15

1

06.00, **10.00**, **12.00** Новости
06.10 Играй, гармонь любимая! (12+)
06.55 «Часовой» (12+)
07.25 «Здоровье» (16+)
08.30 «Золотая коллекция «Союзмультфильма» (0+)
09.10 «Непутевые заметки» (12+)
09.30 «Мечталлион». Национальная лотерея (12+)
10.15 «Жизнь своих» (12+)
11.10 «Повара на колесах» (12+)
12.15 «Будем жить!» (16+)
13.10 «Видели видео?» (0+)
14.20 Д/ф «Из дела майора Черкасова. «Палач». Без срока давности» (16+)
15.15 «Горячий лед». Фигурное катание. Гран-при России-2026. Этап V. Произвольная программа. Заключительный этап (0+)
16.45 Д/с «MONEYпуляторы. «Развод на любовь-2» (16+)
18.00 Вечерние новости
19.00 «Точь-в-точь». Финал (16+)
21.00 «Время»
23.00 «Большая игра» (16+)
00.10 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

РОССИЯ 1

16.00 - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
17.10 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
17.40 - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ)
17.50 - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ)
18.00 - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
19.00 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
19.45 - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
20.00 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
20.25 - «Илхам» (балъкъэрыбзэкIэ)
21.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
21.25 - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
21.45 - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
22.00 - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
23.00 - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
23.30 - 24.00 «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)

«Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и ТВ

Блыщхьэ, щэкIуэгъуэм и 9

7.08, 7.36, 8.08, 8.36 ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
9.30 ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
9.45 «Культурный код». Дагъыстэн (12+)
11.30 ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
17.00 «Мыхьэнэ зиIэм гулъытэ хуэщIын» (12+)
17.30 «Пэшым екIу сурэт» (12+)
21.10 ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

Гъубж, щэкIуэгъуэм и 10

7.06, 7.36, 8.06, 8.36 ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
9.30 ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
9.45 «Мыхьэнэ зиIэм гулъытэ хуэщIын» (12+)
11.30 ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
17.00 Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсым ирихьэлIэу. Лашынкъей къуажэ (12+)
17.30 «Студие иным щекIуэкIа интервью». Курчатовым и класс (12+)
21.10 ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

Бэрэжьей, щэкIуэгъуэм и 11

7.06, 7.36, 8.06, 8.36 ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
9.30 ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
9.45 «Адыгэхэр – Урысеймрэ дунеймрэ... » (12+)
11.30 ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
17.00 «ПсапащIэ Iуэху» (6+)
17.30 «Дыгъуасэ. Нобэ. Пщэдей». КIыщокъуэ Алим (12+)
21.10 ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

Махуэку, щэкIуэгъуэм и 12

7.06, 7.36, 8.06, 8.36 ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
9.30 ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
9.45 «ЦIыху». Филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор Аппаев А. (12+)
11.30 ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
17.00 «Лъэхъэнэм и цIыхуищэ». АфIэунэ А. (12+)
17.30 «ЕгъэджакIуэм и псалъэ» (12+)
21.10 ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

Мэрем, щэкIуэгъуэм и 13

7.06, 7.36, 8.06, 8.36 ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
9.30 ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
9.45 «Ди щIэинхэр». КхъуейплъыжькIэрыщIэ (12+)
11.30 ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
17.00 «БиоКвантириУм». ЩIалэгъуалэ проект (12+)
17.30 Щэнхабзэм теухуауэ (6+)
21.10 ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

Щэбэт, щэкIуэгъуэм и 14

8.00 ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
8.20 «Литературэм и дуней». Кулиев Къайсын къызэралъхурэ илъэси 109-рэ щрикъум ирихьэлIэу (12+)
14.30 ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
20.50 ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

Тхьэмахуэ, щэкIуэгъуэм и 15

8.00 ЩIыпIэ зэман. Федеральнэ щIыналъэм щыхъыбархэр (12+)
8.20 Мосс Жаклин теухуауэ (12+)
14.30 ЩIыпIэ зэман. «Тхьэмахуэ зэхуаку хъыбархэр» (12+)

«Россия 24» «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и ТВ

Блыщхьэ, щэкIуэгъуэм и 9

15.00 ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». «Тхьэмахуэм кIриубыдэ хъыбархэр» (12+)
17.30 ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
17.45 ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)
20.00 ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

Гъубж, щэкIуэгъуэм и 10

17.30 ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
17.45 ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Интервью (12+)
20.00 ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

Бэрэжьей, щэкIуэгъуэм и 11

17.30 ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (I2+)
17.45 ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)
20.00 ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

Махуэку, щэкIуэгъуэм и 12

17.30 ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
17.45 ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Интервью (12+)
20.00 ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

Мэрем, щэкIуэгъуэм и 13

17.30 ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
17.45 ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)
20.00 ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

Щэбэт, щэкIуэгъуэм и 14

Лажьэркъым


Тхьэмахуэ, щэкIуэгъуэм и 15

13.00 ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». «Тхьэмахуэм кIриубыдэ хъыбархэр»

Гъуазджэм и лэжьакIуэ емызэшыж

СурэтыщI цIэрыIуэ Пащты Герман и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокъу

Урысей Федерацэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм я цIыхубэ сурэтыщI, Художествэхэмкlэ Урысей академием и академик, Красноярск дэт къэрал художественнэ институтым тхылъ гъуазджэмкlэ и творческэ мастерскойм 1989 гъэ лъандэрэ и унафэщI, профессор, ди къэралым щыяпэу ксилографиемкlэ школ-студие Красноярск и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм и деж къыщызэIузыха (1998), Пащты Герман и творческэ лъэщапIэу Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и деж щылажьэм и щIэныгъэ унафэщI, ди къэралым и мызакъуэу дуней псом графикэм и мастер цIэрыIуэу къыщащIэ Пащты Суфэдин и къуэ Герман и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокъури, ди гуапэу дохъуэхъу узыншагъэ быдэрэ гукъыдэжрэ, ехъулIэныгъэрэ зэIузэпэщыгъэрэ, унагъуэ насыпрэ бын гуфIэгъуэрэ щымыщIэну.



СУРЭТЫЩI гъуэзэджэм и Iэдакъэщlэкlхэр ди къэралми нэгъуэщI щIыпIэхэми щекIуэкIа гъэлъэгъуэныгъэ куэдым хэтащ, и гравюрэхэр газет, журнал Iэджэм ихуащ, тхылъ бжыгъэншэхэр ирагъэщIэрэщIащ. Ауэ, езыми зэрыжIэщи, и ехъулIэныгъэ нэхъ ин дыдэу къэплъытэ хъунущ гъуазджэ утыкушхуэм ихьэфа и гъэсэнхэм я зэфIэкIыр.

Пащты Герман Дзэлыкъуэ районым хыхьэ Дзэлыкъуэ къуажэм 1941 гъэм щэкIуэгъуэм и 9-м къыщалъхуащ. Иджыри школым щеджэу Пионерхэм я унэ (иджы Сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ я зэфIэкIым зегъэужьынымкIэ унэщ) Налшык дэтым и сурэтыщI студием и унафэщI Ткаченкэ Андрей гу лъитат Герман сурэт щIыным зэрыдихьэхым, ар мыIейуи къызэрехъулIэм. Гъуазджэм зыIэпишэ сурэтыщI ныбжьыщIэр абы нэхъри Iуэхум тригъэгушхуащ икIи Греков М. Б. и цIэр зэрихьэу Ростов дэт художественнэ училищэм 1957 гъэм щIэтIысхьащ. 1964 гъэм яп дыдэу хэтащ республикэм и сурэтыщIхэм я гъэлъэгъуэныгъэм, къыкIэлъыкIуэ илъэсым и щхьэзакъуэ выставкэ Налшык къыщызэIуихащ. 1967 гъэм ар СССР-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм хагъэхьащ.

КъыкIэлъыкIуэу Герман и щIэныгъэм щыхигъэхъуащ Львов къалэм дэт полиграф институтым. Ар къыщиухым игъэхьэзыра диплом лэжьыгъэм («Горской песни два крыла» тхылъым и проектым) и унафэщIу щытар ксилографием хуэIэкIуэлъакIуэ Овчинников Владимирт, рецензентыр искусствовед цIэрыIуэ Островский Григорийт. Лэжьыгъэр фIы дыдэу къехъулIауэ зэрыщытам и щыхьэтщ тхылъ гъуазджэмкIэ урысейпсо зэхьэзэхуэм и щIыхь тхылъым и етIуанэ нагъыщэр проектым къызэрыхуагъэфэщар.

Гугъущ укъызыхуигъэщIар, нэхъыфIу къохъулIэр занщIэу къыхэбгъэбелджылыкIыну, уи хъэтI щхьэхуэ зэбгъэпэщыну, «уи макъкIэ» укъэпсэлъэну. Араш илъэс зыбжанэкIэ Iэмал зэхуэмыдэхэр къигъэсэбэпурэ зыщымысхьыжу Пащтыр щIэлэжьар, «многостаночник» цIэр къыкIэрыпщIауэ. Абы зрипщытырт мозаикэми, росписми, сценографиеми, нэгъуэщIхэми. Пэжыр жыпIэмэ, дэтхэнэ зыри гъэщIэгъуэну, щIэщыгъуэу, узыIэпишэу къехъулIэрт. Псом хуэмыдэу ар дихьэхат гравюрэм, сурэтхэр пхъэм тещIыхьыным. 70 гъэхэм Герман и гравюрэхэр пкъыфIэ дыдэ хъуащ.

Творчествэ щыIэкъым, жыпIэну узыхуейр уи Iэдакъэщlэкlымкlэ пыухыкIауэ умыщIэмэ, уи бгъэдыхьэкIэ хууимыIэжмэ – араш Пащты Герман и гъуазэр. Арагъэнщ и гравюрэхэми нэгъуэщI лэжьыгъэхэми цIыхугухэр щIигъэпIейтейр.

СурэтыщIым и гур зыхуэпабгъэ, зытелажьэ Iуэхухэр куэд мэхъу: дунейм и дахагъэр къэгъэлъэгъуэныр, цIыхухэм я сурэтхэмрэ натюрмортхэмрэ щIыныр, тхылъхэр гъэщIэрэщIэнымрэ экслибрисымрэ (тхылъ дамыгъэ), театр лэжьыгъэр, живописымрэ керамикэмрэ. Апхуэдэуи илъэс куэд щIауэ щригъаджэ Красноярск художественнэ институтым и гъэсэнхэм, Художествэхэмкlэ Урысей академием и Красноярск къудамэм и мастерскойм и аспирантхэм, СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм ксилографиемкIэ и студие езым и цIэр зезыхьэм ядэлэжьэныр – куэд мэхъу и къалэнхэр.

Пащты Герман творчествэ лэжьыгъэм зэрыпыщIа илъэс пщIы бжыгъэхэм къриубыдэу «Советский писатель», «Современник», «Миране» (Грузие), «Эльбрус», нэгъуэщI тхылъ тедзапIэхэми ядэлажьэурэ, тхылъ куэд дыдэ къыдигъэкIащ. Абыхэм художественнэ, жылагъуэ, къэрал саугъэтхэр зыхуамыгъэфэща, гъуазджэм и хэлъхьэныгъэ нэс мыхъуа яхэткъым.

Профессор Пащты Герман 1989 гъэ лъандэрэ Красноярск щрегъаджэ, къэрал художественнэ институтым и «Тхылъ гъуазджэ» творческэ мастерскойм и унафэщIщ. Мыбы зэрыщылажьэ зэманым къриубыдэу сурэтыщIым къыдигъэкIащ Лермонтов Михаил и «Кавказ поэмэхэр» (и бжыгъэкIэ мин 200 хъууэ), Пушкиным и «Тхыгъэ къыхэхахэр» тхылъхэр, «Суриковыр Сыбырым», «Красноярск и ксилографхэр» альбомхэр. СурэтыщIым Пушкиным и «Тхыгъэ къыхэхахэм» папщIэ Пушкин А. С. и цIэкIэ щыIэ дыщэ медалыр, Суриковым и альбомым папщIэ – Сыбыр жармыкIэм и дыщэ медалыр, Лермонтовым и «Кавказ поэмэхэм» щхьэкIэ – Художествэхэмкlэ Урысей академием и дыщэ медалыр къратащ. А псоми къадэкIуэу, Красноярск щылажьэурэ, Пащтым къызэригъэпэщащ сурэтыщI-график ныбжьыщIэхэм, тхылъ зыгъэщIэращIэхэм я еджапIэ. Пащтым и лэжьыгъэхэр еджакIуэхэм щэнхабзэ инымрэ гуащIэшхуэмрэ я щапхъэ яхуэхъуащ, иджыри яхуохъу. Герман и лъэщапIэм къыщIэкIащ Екатеринбург, Иркутск, Красноярск, Налшык, Новосибирск, Улан-Удэ, Челябинск, Якутск, нэгъуэщI къалэхэми щыщ ныбжьыщIэ куэд, къэралым и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэр лэжьапIэ яхуэхъуащ. Абыхэм яхэтщ Художникхэм я союзым хагъэхьахэр. Пащтым иригъэджахэм ящыщ зыбжанэ Художествэхэмкlэ Урысей академием и лъэщапIэхэм лэжьакIуэ ягъэкIуащ.

Пащтым и гъэсэнхэр республикэ, нэгъуэщI къэрал гъэлъэгъуэныгъэхэм хэтащ, абыхэм саугъэт хъарзынэхэр къыхуагъэфэщащ. Псалъэм папщIэ, Пащт-Хъан Алим Художествэхэмкlэ академием и дыжьын медаль къратащ, Нидерланд саугъэтым и лауреатщ, Сорокин А., Шаламовэ Е. сымэ Художествэхэмкlэ Урысей академием и дипломантхэщ.

Герман апхуэдизкIэ тхылъ куэд и Iэдакъэщlэкlхэмкlэ игъэщIэрэщIащ, станковэ гравюрэу Iэджэ ищIащи, ахэр художник зыбжанэм ящIам хуэдиз хъунущ. Нэхъ гъэщIэгъуэнращи, ксилографием хухих зэманым къыдэхуэу, художественнэ институтым и студентхэр иригъэджэнуи Iэмал къегъуэт, иужькIэ ахэр и гъэсэн, и ныбжьэгъу мэхъу. А зэфIэкIхэращ Урысей псом и художественнэ гъащIэм Герман увыпIэ хэха щIыщигъуэтар.

Герман псалъэ гуапэ хужызыIахэри, апхуэдэ Iэмал ягъуэтмэ зыфIэфIхэри куэд мэхъу, псори къыпхузэщIэкъуэнуи щыткъым. Ауэ сыхуейщ абыхэм ящыщ зыбжанэкIэ Пащтым теухуа тхыгъэр згъэбеину.

Бгъэжьнокъуэ Заурбэч, *КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI:* - Япэ дыдэрауэ жысIэну сызыхуейр ди щIэныгъэкIи, ди гупсысэкIэкIи, ди гуащIэкIи Герман сэрэ зэпэгъунэгъу-зэдэлэжьэгъуу дызэрыщытырщ. Ар тхылъ графикщ, сэри аращ, тIуми полиграф институт къэдухащ. УщыщIалэм и деж зыгуэрым зебгъэщхьын, удэплъеин зэрыхуейр гурыIуэгъуэщи, сэ нэхърэ зэрынэхъыжь илъэсхэм Герман апхуэдэ цIыху схуащIащ. Тхылъ графикэм ехьэлIауэ зыгуэрым щапхъэ тепхыххэнумэ, ди республикэм дэнэ къэна, Урысей псом ар щы-Германщ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, абы и образхэр, гъэщIэрэщIэкIэр, гравюрэхэр уздынэмысыфыну къыпщыхъу лъагапIэщ. Сигу къридзэжащ иджыпсту КIыщокъуэ Алим и тхылъыр зэригъэдэхауэ щытар.

Илъэсипщlкlэ «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм сыщылэжьащ сурэтыщI-редактору икIи а зэманым къриубыдэу Пащтым и Iэдакъэщlэкlхэмкlэ гъэдэхауэ къыдэкIа тхылъ щIагъуэ къэнакъым союзпсо зэхьэзэхуэхэм я диплом къамыхьауэ. Абыхэм ящыщ зыщ «Горской песни два крыла» тхылъыр, икъукIэ дызэрыгушхуауэ дигу къинар.

И сыт хуэдэ Iуэхури къэхъугъэщ Герман, Iэзагъэ къызэрымыкIуэм и щапхъэщ. Нэхъыщхьэу и гуащIэм къыщыхэбгъэщхьэхукIыфынухэм ящыщщ ксилографиер – печать графикэм и нэхъ гугъу дыдэр, пхъэм сурэтыр къыхэгъэжьыкIыныр. А Iуэхум зэрыбгъэдыхьам къегъэлъагъуэ ар зэи гугъуехьым зэрыщымышынар.

Ди къэралым и дамыгъэ лъапIэ псори къыфIащащ Герман икIи ахэр къилэжьащ и лэжьыгъэрэ и Iэзагъэкlэ. Пушкиным, Лермонтовым я тхылъхэм яхуищIа сурэтхэм папщIэ саугъэт лъапIэхэр къыхуагъэфэщащ, дауи, ахэр къэралым и пащхьэм щIэ фIыщIэт.

Къыхэзмыгъэщын слъэкIынукъым Пащтым и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ щыщ Iыхьэфl сурэтыщI ныбжьыщIэхэр гъэсэным, егъэджэным зэрытриухуар. Абы и гъэсэнхэм я бжыгъэр къыпхуэмыбжыным хуэдизщ. Сыт хуэдиз тхылъ дунейм къытехьа, абы иригъэджахэм я Iэдакъэщlэкlхэр иту?! А и лэжьыгъэм, къэралым и мызакъуэу, дуней псом цIэрыIуэ щыхъуа гъэсэнхэр зэриIэм, гулъытэ хуищIащ УФ-м и Правительствэм, Урысейм Художествэхэмкlэ и академием. Сыт и уасэ и къуэм и закъуэ – Пащт-Хъан Алим?! Ар Урысейм Художествэхэмкlэ и академием и член-корреспондентщ, КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщIщ. И адэм и жагъуэ сщIыну сыхуейкъым, ауэ и творчествэмкIэ мынэхъ лъагэмэ, зыкIи нэхъ лъахъшэкъым. ЖыпIэнурамэ, узэрыгушхуэ хъун къуэщ, гъэсэнщ ар.

Гъуазджэм зэрыхуэлажьэмкIэ си гъуэгугъэлъагъуэ, си щапхъэ Герман Тхьэм иригъэфIакIуэ, фIыуэ щыIэр къылъысыну, увыIэгъуэ имыIэу лъэпкъым хуолажьэри, дяпэкIи апхуэдэ зэфIэкI иIэну си гуапэщ.

ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, *УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Къэбэрдей Хасэм и тхьэмадэ:* - 1965 гъэ лъандэрэ соцIыху Герман. И лъэщапIэм сыкIуэу, и гъэлъэгъуэныгъэхэм септлъу, и лэжьыгъэхэм сыщыгъуазэу нобэр къыздэсым сыкъогъуэгурыкIуэ. Сурэт щIын щыщIидзагъащIэм щегъэжьауэ сыкIэлъоплъри, махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу зэрыхигъэхъуар си нэгу щIэкIащ, и Iэдакъэщlэкlыу сымылъэгъуаи щыIэкъым.

1978 гъэм си жэрдэмкIэ Герман и Iэдакъэщlэкlхэр Сириемрэ Иорданиемрэ тшэри, Совет щэнхабзэм и Iуэхущlапlэу Дамаскрэ Аммanрэ дэтхэм щыдгъэлъэгъуауэ щытащ.

Зы адыгэI хузэфIэмыкIын лIыгъэ къылъыкъуэкIащ Герман и къуэ Алим иригъэджэн папщIэ и унагъуэр и гъусэу Красноярск щыIэпхъуам. Красноярск хуэдэ къалэшхуэм лъэщапIэ дэнэ къэна, студие къыщызэIупхын жыхуэпIэр мыбдежым щылъкъым. Ар Герман зэрыхузэфIэкIам къигъэлъагъуэу къыслщохъу абы ерыщу зыхуейм и Iэр зэрытригъахуэр.

Налшык пэжыжьэу псэуми, къэкIуэжыхукIэ къыздишэжырт зыхэта зэхьэзэхуэхэм, щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм щекIуэкIа и гъэлъэгъуэныгъэхэм ятеухуа тхыгъэхэр, сурэтхэр икIи ахэр къыслэщIигъэхьэрти, зэман зэхуэмыдэхэм зи редактор нэхъыщхьэу сыщыта «Советская молодежь», «Адыгэ псалъэ» газетхэм, «Точка зрения» парт журналым къытездзэрт. Гукъанэ лъэпкъ къысхуимыщIу, дызэхуэарэзыуэ и Iэдакъэщlэкlхэр сызэрыхуейуэ къэзгъэсэбэпащ – газетым тездзэми си тхылъхэр иризгъэщIэращIэми.

Къыхэзгъэщыну сыхуейщ Герман ныбжьэгъу зыIыгъыф цIыху пэжу зэрыщытыр. Абы и зы щапхъэщ Аккизов Екъубрэ абырэ я зэныбжьэгъугъэр. Я лъэщапIэхэри зэгъунэгъути, зэрымыщIэу, зэдэмыуэршэру, ерыскъы зэдамышхыу зы махуи къанэртэкъым. Екъуб пасэу дунейм ехыжащ, ауэ, ныбжьэгъу пэжым зэрихьэлу, нобэр къыздэсым абы и щхьэгъусэ Сиярэрэ ипхъу Имарэрэ хузэфIэкIымкIэ ядоIэпыкъу, елъытэ. Германрэ Екъубрэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и гербыр зыщIауэ щытар.

Сэ фIыуэ сыщыгъуазэщ Художествэхэмкlэ Урысей академием и унафэщIу илъэс куэдкIэ щыта Церетели Зураб Пащтыр фIыуэ къилъагъуу, зэрылъэпкъыIыр жиIэ зэпыту зэрыщытам.

Красноярск кIуэурэ дерсхэр итми, иджыпсту нэхъыбэу Налшыккlэ щыIэщ Германи, гъэлъэгъуэныгъэ щIагъуэ къанэркъым ар мыкIуэу, и псалъэ щыжимыIэу. Ар и щыхьэту къызолъытэ нэгъуэщIхэм я гуащIэм зэрыкIэлъыплъым, я ехъулIэныгъэхэм зэрыщыгуфIыкIым.

Сыхуейщ Герман и унагъуэр хуэузыншэну. Пащты зэщхьэгъусэхэм гъуэгу захуэ трагъэува я къуэмрэ я пхъумрэ, абыхэм я щIэблэм игъэгушхуэн, игъэгуфIэн жьыщхьэ махуэ ухъу!

Маргъущ Анатолэ, *Урысейм и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм, СурэтыщI гъуазджэхэмкIэ лъэпкъыбэ ассоциацэм хэт:* - Ткаченкэ Андрей и гъэсэнхэр Ваннахрэ Пащтымрэ я сурэт гъэлъэгъуэныгъэм дыщишам щыгъуэщ Герман нэхъ нэIуасэ сыщыхуэхъуар. Пащтым абы щыгъуэ еджапIэр къиуха къудейми, зэманым декIуу гупсысэ сурэтыщI зэчиифIэу зыкъигъэлъэгъуащ. И гъэлъэгъуэныгъэри щIэщыгъуэт: зи сурэтхэр зэпэтплъыхь, лIыпIэ иува сурэтыщI Ваннахрэ зи ныбжькIэ щIалэ Германрэ я Iэдакъэщlэкlхэр зэплъытыну гъэщIэгъуэнт, гуапэращи, нэхъыжьым къызэрыкIэрыхущэ щыIэу гу лъыптэртэкъым.

Обросов Игорь, *Урысей Федерацэм и цIыхубэ сурэтыщI, Къэрал саугъэтым и лауреат:* - Къыщыхъуа щIыналъэм куэд къыхилъхьауэ къыщIэкIынущ сурэтыщI цIэрыIуэ къызыхэщIыкIа ныбжьыщIэм. Ар къызыхэкIам епха, абы и гупсысэм щIапIыкIа цIыхущ. И сурэтхэм ущеплъкIэ, и Iуэхущlафэхэм ущыкIэлъыплъкIэ умыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым Герман и зэпIэзэрытагъыр, хьэл-щэн дахэр. Ари, и зэчийм хуэдэу, ищхьэкIэ къыхуехахэм ящыщу къыщIэкIынущ.

Шэч хэмылъу, зи цIэ фIыкIэ къриIуэ и япэ егъэджакIуэхэм я фIыщIэ куэд хэлъщ Герман и ехъулIэныгъэм. Ауэ, дауэ мыхъуми, лъэпощхьэпо псори езым къызэринэкIащ, ерыщу и мурадхэм хуэкIуэурэ. Гъуазджэм щыхузэфIэкIари, лэжьыгъэр фIыуэ зэрилъагъури, сурэтыщI хъуну зэрыщIэхъуэпсари – псори Пащтым езым еижщ. Сэ хуабжьу си гуапэ мэхъу ар гъуазджэм ирипсэу цIыхуу зэрыщытыр.

Герман и гравюрэхэм сыщеплъкIэ, и Iуэхум фIы дыдэу зэрыхищIыкIыр, сурэтыр пхъэм къыхэгъэжьыкIыным зэрыхуэIэкIуэлъакIуэр, зэлэжьымрэ езымрэ яку зэпыщIэныгъэ быдэ зэрыдэлъыр наIуэ сщохъу. Ди ксилограф нэхъ лъэщ дыдэхэм Герман ящыщу сэ къызолъытэ.


Къуэдзокъуэ Хьэсэн, *журналист, 1982 гъэ:* - Пащты Герман и гуащIэм хыболъагъуэ и лэжьыгъэм зэритхьэкъумрэ Iэзагъэшхуэ хэлъу и Iэдакъэщlэкlхэр зэрищIымрэ.

Художественнэ образыр, абы щIилъхьэ мыхьэнэр, графикэм е живописым хэлъ щэхухэр къыщалъхуа щIыналъэм ирипхыныр къалэн нэхъыщхьэ зыщещIыж Герман. Ар икIи абы фIы дыдэу къохъулIэ.

Герман къызэрилъытэмкIэ, дуней псори абы тет цIыхухэм я гъащIэри зы сурэтышхуэщ, абы и Iыхьэхэр егупсысауэ сурэтыщI гъуазджэм и Iэмалхэмкlэ гъэпсыныр художникым и къалэнщ. «ЩIыуэпсыр – сурэтыщI телъыджэщ, - жеIэ абы, - дэ абы дригъэсэн къудейуэ аращ».

Зыгъэхьэзырар **ИСТЭПАН Залинэщ**.

Ацкъан Руслан и усэщIэхэр



* * *

Зыгуэр къэсщтэну сыIэбэм,
гурыщIэр бгъэм из мэхъуж.
КъызоцIыхуж и Iэр си адэм,
и лъынтхуэхэр къызоцIыхуж.

И гур къыщеуэу си бгъэгум
къысфIощIри, си щIыфэр мэтхытх.
КъыщIохьэж си адэр си нэгум,
щIэтыну дунейм сытетыху.

СоIэбэ, зыгуэр къэсщтэну -
си адэр сяпэ къища?
Хэт хуэдэщ къигъэкIуэтэну
къызитыну къыщыгъупщар...

* * *

ПцIащхъуэр мащIэ хъуауэ щхьэ къысщыхъурэ?
Е абыхэм куэду къахэкIа
къимыгъэзэжыну лъэтэжа?
ПцIащхъуэ къэскIэ щыщтси сабиигъуэм.

Зырызыххэу къыщIохьэж си нэгум.
Дамэр щIылъэм щихъуэу къалъэтыхьт,
заIэтыжти - уэгум иджэгухьт,
хэлыдыкIрэ хэбзэхэжу нэхум.

Губгъуэм ситщ дэкIауэ илъэс Iэджэ.
Си къуэрылъхур сяпэ иту мажэ.
«ПцIащхъуэ! ПцIащхъуэ!» - мэкIий щIалэ цIыкIур.
Зызоплъыхьыр, псынщIэу къеуэу си гур,
ауэ зыри си нэгу къыщIэмыхуэ.
Е мыкIиихарэ си къуэрылъхур...

* * *

- Си хадэ, хъуну щытмэ, къэзгъэщIэж
зэгуэр мыбдеж къыщысхуэкIуа гупсысэр,
абы сыхуэныкъуэну къысфIощIыж.
- ЩIым хыхьэжащ ар уэшх къешхам и гъусэу.

- Си хадэ, хъунум, сэ сщыгъэгъупщэж
зымахуэ щхьэм къизэрыхьа гукъэкIыр,
абы сызыхуишэнур сэ сощIэж.
- Пщыгъупщэжынщ, нэгъуэщI зыгуэр къыкъуэкIым.

- Псэхугъуэ къыслъысыну сэ сыхуейт,
сыкъаутIыпщыну пIэрэ гукъэкIыжхэм?
- Куэд зи пщэ дэлъ абыхэми яхэтщ,
укъаутIыпщынщ, гум телъ уIэгъэр кIыжым.

- Гум телъ уIэгъэр, бощIэ, кIыжыгъуейщ,
сэ апщIондэхукIэ сыпсэун къыпфIэщIрэ?
- НэхъыфIт, сэ схуэдэу утетам дунейм,
согъагъэ гъатхэ къэс, къысхыхьэу псэщIэ.

Акъужьыр щэхут, жыг тхьэмпэр мащIэу щхъыщхът.
Сэ сыщытащ абдеж пIейтейуэ куэдрэ.
И дежкIэ гъатхэм сеуэкIыну хъунт -
согупсысыж: зэпцIыжыр бжьыхьэм хуэдэ?..

* * *

Макъ щэху гуэр си тхьэкIумэм къоIуэ,
ауэ зыхызощIэ къару лъэщ.
КъызоупщI: «ДэнэкIэ уздэкIуэр?»
КъызоупщI - жэуапым пэмыплъэж.

Сэ сыздэкIуэр сщIатэм нэгъуэщI щыIэт,
сыщежьакIэ - и кIэм нэс сыкIуэнщ.
Абы сегупсысым, сесыр щIыIэм,
згъэзэщIэну къысхуэнащи куэд.

Захуэзгъазэу гъащIэ плIанэпиплIым
сэ иджыри гугъэ Iэджэ сщIынщ.
Къоплъых уафэр, си Iэгум къиплъэу,
ауэ ирилъагъуэр къысщебзыщI...

* * *

Сыдехьэх и псэукIэм жьыбгъэм,
абы хуэдэу щхьэхуитыр зырызщ.
Согупсысыр сэ языныкъуэм:
къызэхъуапсэми сщIэркъым езыр.

СщIэркъым ар зы хуабапIэ хуейми,
зы жьауапIэ къилъыхъуэмэ-щэ?
Тхьэусыхэфыр хэт абы хуэдэу,
хъуахъуэу хуежьэм - зыр зым къыпищэнщ.

Хъунущ зэм удежьу и макъамэм,
псэм къыдыхьэу еIуатэ гухэлъ.
Зэшым уихьу зэгуэр укъанэм,
уигъэгушхуэу къыкъуэууэ и хьэлщ.

Ахэр щыщщ сыщIехъуапсэм жьыбгъэм,
ауэ зыщIыр Iумпэм сыт хуэдиз.
ЯщогъупщэищIар Iуэху щыпкъэу,
и къуаншагъэр ябжыну хьэзырщ.

Тралъхьэнщ, пыщэщам жыг тхьэмпэ,
жыг къэуами - абы ирахъуэн.
Мисыр, къопщэ. Сыт хуэдэу гуапэ,
псэгъэтыншу сыхуейкъым нэгъуэщI.

Ар екIуэкIкъым къуейщIей зэпыту,
лей зэрихьэми - занщIэу мэгъыж.
Инэхъыбэм ар хъыжьэ пэтми,
ЩыдэхэщIэнум - акъужь мэхъуж...

* * *

Сыкъыдэкlат Лэскэн аузым
псыежэх цIыкIум сыбгъурыту.
Сызэплъэкlыжри си гур узу,
сыхэбэкъуат си натIэм итым.

Нэгъуэщlт и гъуэгур псыежэхым,
ар ежьэжат, збгъурыкIуэсыкIри.
Къыпэплъэрт псышхуэ, екIуэсэхыу
псы цIыкIуу хъуар зэхуишэсыжу.

Сыхэбэкъуат си натIэм итым,
абы сыхэтщ иджыри къэскIэ.
Сыздынэсам сеплъыжу щытым,
къысфIощI си гъэзэжыгъуэр къэсу.

Хуейт сыкIуэжын Лэскэн аузым,
къэзгъэна псоми сеубзэжу.
Сыкъегъэувыlэ мы гупсысэм:
сыхъункъэ ещхь кIуэрыкIуэсэжым?..

* * *

Къэсынщ иужьрей махуэр -
дэнэ кIуэн.
Сыкъэзыхъумэу хъуам
ар къатекIуэнщ.

Дунейр а махуэм
къопсэлъэн тIэуней,
иIэнкIэ хъуну упщIэм
сыфIолIыкIыр.
Сошынэ
сызытета дунейр
«ЩхьэукъэкIуат?» -
жиIэу къызэупщIынкIэ...

* * *

Сымылъагъуу щытахэр солъагъу,
нэм къыщIэуэу щытахэр сфIокIуэдыр.
Вагъуэ Iэджэ итщ уэгум. Къысщохъу
здагъэзэнур ямыщIэу зэхэту.

Си псэр ахэр здэщыIэм нэсыху
зэрыкIуар жызыIэн къысхуэгъуэтыт.
Слъагъужащ ар ныжэбэ езым
зы нэху мащIэу вагъуэбэм яхэту.

Си псэр фIыуэ езым соцIыхуж,
вагъуэижым шэсыну хуежьэнущ.
Шэсмэ вагъуэм, зэфIэкI и гугъэжщ,
къыпагъаплъэри дэнэ щищIэну.

Вагъуэижыр хисхьа къысфIэщIынщ -
къыщысщIэнур пэжыпIэр сыт щыгъуэ?
Нэгъуэщl уафэ лъэтэжмэ-щэ
ди уэгу лъащIэм икIуадэу къысщыхъур?

Вагъуэижым шэсынщи лъэтэнщ
си псэр, зэ мыдэIуэжу къэнэнщи.
Нэгъуэщl уафэм абы сыт щищIэн.
Мо ди уафэм ищIэнур хэт зыщIэр...

* * *

УсакIуэр умыцIыхум нэхъыфIщ,
щымыусэм и деж - ар нэгъуэщIщ.
Абы и псэр дунейм нэхъ нэхъыжьщ,
къыпыщIащ, адрей псом нэмыщI,
вагъуэхэр, яхэту ижахэри -
егупсысыт абы я жыжьагъым.

УсакIуэр лIэжынум щымыщ
къыбжаIэкIэ - уи фIэщ умыщI.
АбыкIэ сэ къызэупщI,
абы зыгуэр хэсщIыкI хъунщ.

Псом нэхърэ нэхъыбэу лIэныгъэм
щышынэр арауэ си гугъэщ...

* * *

Лэскэн аузыр зэгупсысыр сыт?
Ар маплъэ зэм, уэгу лъащIэр игъэтхытхыу,
къысфIощIыр щыблэ уами зэхимыхыу.
АрщхьэкIэ пыгуфIыкIыу йожэх псыр.

Си лъахэм и гум щыщIэхэр солъагъу,
и жьэгъу къэча нэгъунэ къызэпхыщу.
И щэху къысхуиIуэтэну сыпэплъат,
арщхьэкIэ щымщ, аращ Iэнкун сызыщIыр.

ЗэхэсщIыкIыну ар сэ сыхьэзырт?
А упщIэр сыпIейтейуэ зызотыжыр.
Иджы сыщытщ, здза ныбжьым сытетыжу,
сутIыпщкъыми - къысфIощI мыарэзы.

Сыщалъхуа щIыпIэм сэ сыкъэкIуэжащ
къыщыстехьэлъэ дыдэм къекIуэкI куэдыр.
Аргуэру йокI зы махуэ. Хъунущ жэщ,
къэна гукъыдэж тIэкIури сфIигъэкIуэду.

Здэсхьын схуигъэхьэзыру арагъэнщ,
жыг хадэм щопэщащэ шынэхъыщIэр.
Абы ди адэжь лъапсэм щехь и гъащIэр.
Хуэсщlынут фIыщIэ - псалъэ сымыгъуэт...

* * *

Зы гъуэгу пщIыхьэпIэм щызолъагъур куэдрэ,
абы сытету бгыщхьэм сыдэкI хуэдэщ.
Сынос щыжысIэ дыдэм - сыкъоуш,
си гъуэгури щымыIахэм щыщ мэхъуж.

СокIуэкIыр сыпIейтейуэ сэ иужькIэ,
си пщIыхьыр зыхуэкIуэнур къысхуэмыщIэу.
«Зыщыгъэгъупщэ!» - щхьэм хужьзоIэж,
ар згъэзэщIэну къару симыIэж.

Ныжэбэ гуэрыр - сощIэ, зыхызощIэ -
кIуэнщ бгыщхьэм дэкI а гъуэгум сытет защIэу.
А гъуэгур - си пщIыхьэпIэщ, сыпсэуху.
КъэкIуэнущ ар, Шыхулъагъуэм хыхьэжыху...

* * *

Сэ нобэ куэдыр зэхэсхыркъым,
зыгуэрым сыкъихъумэ хъунщ.
КъекIуэкI псом си Iэзэгъуэ хэлъкъым,
сытегупсысыкIым нэхъыфIщ.

Дунейр здэкIуэр къызгурыIуэжтэм
нэгъуэщI щыIэт - хъуащ щхьэхуимыт.
Зым хуэбжынкъым зауэм хэкIуадэр,
псэхэр уафэм дэкIуей зэпытщ.

Сэ нобэ куэдыр зэхэсхыркъым,
нэхъыбэр зыхэсщIэу аращ.
СыгуфIэнукъым, фIыгъуэм сыхэсми,
зы гукъеуэм къегъэщI нэгъуэщI.

Сэ щIэх-щIэхыурэ къыспкърохьэ
мы дунейм игу щIэныкъуэм щыщ.
Ар къысхуонэри, дыгъэр къуохьэ -
схуэмыгъэвурэ нэху щынщ.

Сэ нобэ зыхэсщIэр нэхъыбэщ,
апхуэдэу упсэуну гугъущ.
КъысхуэIуатэу щытахэм нэхъапэм
самытхьэлэну си фIэщ мыхъу.

Мис абы къыхокIыр си узыр,
и хущхъуэгъуэри зыщIэр хэт.
Сыщыгугъыу соплъыр си гъусэм,
сыкъимыщIэ - жыжьэ щыхэтщ...

* * *

Уэс налъэм хулъэкIынур зыхэсщIащ,
къыщытетIысхьэм къакIуэу си нэкIущхьэм.
Зы напIэзыпIэм уафэм сыпищIащ,
ткIужащ, гуфIэгъуэ нэпсу фIэкI умыщIэу.

Уэс налъэу мащIэ тIэкIут кърипхъыхар
ныщхьэбэ уафэм, мыр иужьрей дыдэт.
Абы сымыщIэт сыкъыщIыхихар,
гурыщIэу къызитари зэхуэмыдэт.

Хъужащи ткIуэпс, щыхуейм ирегъущыж,
тырес си напэм, уафэ лъащIэр къищу.
Абы дуней гъунэншэм щыщ сещIыж,
сегъэлъагъуж сызэрыпсэур зи фIыщIэр.

Си щIыфэр тхытхыу уафэм сыдоплъей,
сыт къыщIысфIэщIыр ар къыпыгуфIыкIыу?
Мы си псэр мащIэ фIэкI зэрыхуэмейр
игу ирихьа хъунщ - аращ си гум къэкIыр.

Уэс налъэ закъуэ ткIуэпсым хуэкIуэжам,
лъэужьи къимыгъанэу гъущыжынум
си гъащIэр щхьэ къысфIэщIрэ ихъуэжа?
Абы жэуап иIам - си жагъуэ хъунут...





Іуащхьэхэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Евразием и Іуащхьэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщхэр итщ. Зи гугъу тщІы Іуащхьэхэм хуэдэу 50-м щІигъу диІэщ, абыхэм ящыщу 3-р я инагъкІэ адрейхэм къахощ. Аруан Іуащхьэ гупым хэтхэм я нэхъ ин дыдэм и лъагагъыр метр 30, и хъуреягъым къиубыдыр диаметри 150-м щІегъу. Іуащхьэм и инагъым къегъэлъагъуэ абы щІалъхьар пщІэшхуэ зиІэ цІыхуу зэрыщытыр. Абы и пщІэмрэ и зэфІэкІымрэ щыхьэт тохъуэ Іуащхьэр щІыным мылъкушхуи лэжьыгъэшхуи зэрытрагъэкІуадэр. IV – III лІэщІыгъуэхэм апхуэдэ Іуащхьэхэр здэщыІар Месопатамие Ипщэмрэ Мысыр Ищхъэрэмрэщ.

ЩІэныгъэлІхэм къызэралъытэмкІэ, Аруан Іуащхьэ-иныжьхэр Хеопс пирамидэхэмрэ Шумер пщыхэм я кхъэхэмрэ я ныбжьщ. А зэман жыжьэм Кавказ Гупэм и тафэ щІыналъэхэм щыпсэуахэр къэралыгъуэр зэфІэувэным нэмысу щІыпІэм иІэпхъукІащ, щІыуэпсым зэхъуэкІыныгъэшхуэхэр къызэрыщыхъуам къыхэкІыу. ЗэрыхуагъэфащэмкІэ, щІыпІэ нэхъыфІ къалъыхъуэу абыхэм Кавказ Адрыщ Іымкіэ яунэтІащ, адэкІэ Анадолэмрэ Иранымрэ кІуащ. Аруан Іуащхьэхэм я щэхухэр къызэІухынымкІэ къэхутэныгъэхэр нэгъэсауэ ирагъэкІуэкІмэ, абы тхыдэм зэхъуэкІыныгъэхэр хилъхьэнущ. Адыгэ Республикэм щыІэ, метр 11 зи лъагагъ Мейкъуапэ Іуащхьэ цІэрыІуэр къыщатІым хьэпшып гъэщІэгъуэн куэд къыщагъуэтауэ щытащ. Ахэр псори Эрмитажым щахъумэ. АтІэ абы нэхърэ хуэдищкІэ нэхъ ин Аруан Іуащхьэм сыт хуэдиз хьэпшып къыщІэкІынур?

Іуащхьэ телъыджэхэр джыным щІэныгъэ, музей мыхьэнэ и закъуэкъым яІэр. Къагъуэтыну хьэпшыпхэм жылагъуэ мыхьэнэи яІэнущ, абыхэм щэху куэд къызэІуахынущ икІи, шэч хэлъкъым, мейкъуапэ щэнхабзэм хуаІэ еплъыкІэм зэрызригъэхъуэжынум. Аруан Іуащхьэхэм я щэхухэр щІыгулъыр зыджхэм, археозоологиемкІэ, дендрохронологиемкІэ, антропологиемкІэ ІэщІагъэлІхэм къатІэщІын щІадзэмэ, гъэщІэгъуэн куэд къызэрытщІэнум шэч хэлъкъым.

● Шхыныгъуэхэр

КІэртІоф пІастэ

Шыуанкіэ тхъу ягъэплъ, абы халъхьэ тыкъыр цІыкІуурэ упщІэта бжьыныщхьэ, зэІащІэурэ шыбжий хаудэри, мафІэ щабэм тету хьэзыр хъуху ягъэлыбжьэ. Абы кІэртІоф укъэбзар халъхьэ, псывэ щІакІэ, шыгъу тІэкІу хадзэри, шыуаныщхьэр тепІауэ хьэзыр хъуху ягъавэ. Шыуаныр пэшхьэкум къытрамыхыу мафІэр ягъэункІыфІри, кІэртІофыр пщтыр щІыкІэ къыркуэ хэмылъу яуб. МафІэр щІагъэнэжри, кІэртІоф пІастэм зэІащІэурэ шэ щІэмыху гъэпщта хакІэ. Шыуаныр пэшхьэкум къытрахыж. Іэнэм щытрагъэувэнум и деж кІэртІоф пІастэр пщтыру тепщэчым иралъхьэ, абы и щІыІум шатэкІэ щІа бжьыныху шыпс, джэдгын хэлъу тракІэж. ПІастэ, щІакхъуэ, лэкъум дашх.

Халъхьэхэр (цІыхуитху Іыхьэ):

кІэртІоф укъэбзауэ - г 1000, зэрагъэвэну псыуэ - г 400, тхъууэ - г 60, шэ гъэпщтауэ - г 150-рэ, шатэу - г 300, бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 80, бжьыныху укъэбзауэ - г 30, шыгъуу, шыбжийуэ, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.

Мэжаджэ щІакхъуэ, пщагъэ хэлъу

Нартыху хьэжыгъэ ухуэнщІар тепщэчышхуэм иракІутэри псы шыуа къэкъуэлъакІэ япщ, бэлагъкІэ зэІащІэурэ. Ар и пщтырагъыр градус 30-35-м нэсыху ягъэупщІыІури, псы къэкъуэлъам щыщу къэна хуабэпцІым пщагъэри шыгъури хагъэткІухьри, нартыху хьэжыгъэ тхьэв пщам хакІэж. Гуэдз хьэжыгъэ хакІутэри, тхьэвыр зэхэзэрыхьыхукІэ Іэкіэ япщ, хъыдан трапхъуэри, сыхьэтиплІ-сыхьэтитхукІэ хуабапІэм щагъэтщ, къэтэджын щхьэкІэ. Хьэзыр хъуа тхьэвыр щэ дагъэ зыщыхуа тебэм и зэхуэдитІым къыфІэкІыу иралъхьэ, тхьэвыщхьэр захуэ ящІ, тебащхьэр трапІэжри, абы и щхьэм яжьэ пщтыр тракІутэ, мафІэ дэпхэр тратхъуэжри, хьэзыр хъуху ягъажьэ зы сыхьэт нэблагъэкІэ. Мэжаджэ щІакхъуэр хуабэу Іэнэм трагъэувэ. Шатэ, шху дашх, къалмыкъ шей докІу.

Халъхьэхэр:

нартыху хьэжыгъэу - грамм 700, гуэдз хьэжыгъэу - грамм 300, псыуэ - грамм 400, пщагъэу - грамм 60, тебэщыхуэу, шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

КЪУБАТИЙ Борис.



● Фэ фщІэрэ?

Къуалэбзухэмя цІэхэр

Нырок красноносый - Бабыщпэплъ.

Овсянка горная - КъуршкІырыкъ.

Пищуха гималайская - Гималай къащ.

Поручейник - Іуфэбзу, псыІуфэджэд.

Сверчок речной - Чыцэбзу

Трясогузка горная - Къуршмывэкіэпыс.

Филин обыкновенный - Жьынду.

Филин рыбный - Псыхъуэжьынду.

Орел горный - Къуршыбгъэ.

Стерх - Къурухужь.

Орел-карлик – Бгъэжьей.

Удоды отряд - Хьэрхьуп хэкІыгъуэр.

Чечевица большая – Бзуплъыфэ.



Щурковые семейство - Щулъэпкъыр.

Юрок - Къущхьэжэнэтбзу.

Курганник - Іуащхьэбгъэ.

Луней род - Жьец лъэпкъэгъур.

Павлин - Дыщэджэд.

Улар алтайский - Алтай жумэрэкъ.

● Псалъэжьхэр

Акъылыр жыжьэ маплъэ


♦Дыщэр дыщэ зыщІыр пщІэнтІэпсщ.
♦Гугъу уехьу къэблэжьыр Іэфіщ.
♦Зи жьэ куэд жиІэм и Іэ куэд ищІэркъым.
♦Мыдэф и Іуданэ кІыхьщ.
♦НэрыІэзэ Іэпэзадэ.
♦Іуэху мыублэ блэ хэсщ.
♦Іуэхуншэ псэлъэрейщ.
♦Ахъшэ и куэдмэ, делэми, пщыщ.
♦Зи Іуэ былым из нэхърэ - зи щхьэ акъыл ит.
♦Изрэ ныкъуэрэ зэрыщІэркъым.
♦Дунейр къэкІухьи, уи унэ ихьэж.
♦Зауэм хэту джатэ хьэхуу ятыркъым.
♦Уи адэ и щІыпІэ гъэдахэ, уи анэ дахэу епсалъэ.
♦Уи нэ къеІэм и псэм еІэж.
♦Хьэрэ пэт и къуажэр ибгынэркъым.
♦Япэ умыуэ, къауэм ущымысхь.
♦Акъылыр жыжьэ маплъэ, нэр абы и лъагъуэм ирокІуэ.
♦ЖаІэ псор къэхъуркъым, къэхъу псор яІуатэркъым.
♦Вы хъунур шкІэ щІыкІэ ящІэ.

Псалъэзэблэдз

ЕкІуэкІыу: **1**. Хьэлу, мэжаджэ, чыржын, ... **4**. Къуалэбзугъащтэу хадэхэм ирагъэувэ. **5**. Шы зэрагъэІэсэ кІапсэшхуэ. **8**. БынкІэ егъэлеяуэ гумащІэ цІыху. **10**. Гъэмахуэм Іэщым, шым я фэр изых бадзэжь. **11**. Алыхьым и Іэмырхэр ерыщу зыгъэзащІэ цІыху. **12**. Аруан районым хиубыдэ къуажэ. **13**. Языныкъуэ къэкІыгъэхэр щІым зэрыхэт къуэпс. **15**. Узыпхымыплъыф хьэуа. **18**. Адыгэм зэрахьэу щыта гуэгуэныр абы къыхэщІыкІащ.

Къехыу: **1**. Аушыджэр къуажэм къыщалъхуа къэбэрдей тхакІуэ. **2**. ТхъуцІынэ гъэвэжам и щхьэм къытрещІэ. **3**. Мывэ блын задэу дэкІуей бгы. **4**. Зи кІэмрэ зи сокумрэ фІыцІэ шы тхъуэплъ. **6**. Зи нэгур зэлъыІуха, гукъыдэж зиІэ цІыху. **7**. Языныкъуэ къуажэдэс унагъуэхэм я фІэІугъэхэр абы щахъумэ. **8**. Дунейр щыуаем деж уэсым ещхьу щІым къытохэ. **9**. КІуэ пэтми бжьиз зымыкІу. **14**. Бгы, къурш лъапэ. **16**. Іэпслъэпсым щыщщ. **17**. Шынакъжьей цІыкІум ещхьу пхъэм къыхэщІыкІа бжэмышхышхуэ.

Зэхэзылъхьар
САУТ СулътІанщ.



Жэпуэгъуэм и 31-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: **1**. Насып. **3**. ПащІэм. **5**. Щхьэмыуз. **8**. Согъуэт. **10**. Дамэр. **11**. Пэтрэ. **12**. МащІэм. **15**. Мызагъэм. **18**. Мащэм. **19**. МафІэм.

Къехыу: **1**. Нэмыс. **2**. Псэ. **3**. Псы. **4**. МацІэр. **5**. Щигъуэтым. **6**. Мы. **7**. ЗымыщІэм. **9**. Тхьэ. **10**. Дэм. **11**. Пэжым. **13**. Мыщэм. **14**. ЛІа. **16**. Зым. **17**. Гъэм.

● Прозэу тха усэ

Уэшх хьэщІэ

Уэшхым содаІуэ. Лъапцlэу сыхэтщ. Зыри жимыІэу, куэд къызеІуэкІри, уэ узогъэщхьыр уэшхыр. Уафэм къыщожьэ, щІылъэм лъоІэсри, тклуэпсхэр мэщащэ. Сыту сфІэмащІэ уэшхыр... СызыхуэпІащІэ тклуэпсхэр уафэм еубыдыжри, сэри салъэІэсыжкъым. Си гум илъыжкъым гууэ. Ауэ... уэшхыр къемышхыуи дауэ?! Сэ ар къысфІощІ уэрауэ... СощІэ, жыпІэнур сощІэ... УкъысхуэкІуат уэшх хьэщІэу. Уи гур нэщхъейрэ нэщІу. УщыІукІыжым, къешхырт...

Си гум илъыжкъым гууэ. Си гум щызопІ макъамэ. Уэшхым схузэхилъхьауэ. Зыми зэхимыхауэ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.



● Щэнхабзэ



Усакlуэм и фэеплъу

Лъэпкъым и бын щэджащэ Щоджэнцlыкlу Алий къыщалъхуа махуэр курит еджапlэхэм, тхылъ хъумапlэхэм, щэнхабзэмкlэ унэхэм щагъэлъэпlащ.

УРЫСЕЙМ и Тхакlуэхэм я зэгухьэныгъэм, Кавказым и Тхакlуэхэм я клубым хэт, урысыбзэмрэ литературэмкlэ егъэджакlуэ, тхакlуэ, усакlуэ Къудей (Къуэщlысокъуэ) Фаридэ и жэрдэмкlэ къыэригъэпэща зэхыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Жылагъуэ палатэми Ислъэмей дэт библиотекэми щызэхэтащ. Адыгэ литературэм и лъабжьэр зыгъэтlылъа усакlуэм и lэдакъэ къыщlэкlа усэхэр щыlуащ, езым и гъащlэми шытепсэлъыхьащ мы зэлущlэм.

Къэзэхуэсахэм яхэтащ усакlуэ, тхакlуэ, журналист Хьэту Пётр, Щоджэнцlыкlу Алий и цlэкlэ щыlэ фондым и унафэщl Щоджэнцlыкlу Леонид, усакlуэ Мамыкlэ Къазбэч, жылагъуэ лэжьакlуэ, тхыдэдж икlи тхакlуэ Къэзан Сэтхьэлий, егъэджакlуэ, усакlуэ Мэржэхъу Фатlимэ, Москва къикlа усакlуэ, тхакlуэ, журналист Шестаков Лазарь, курит еджапlэхэм, хъыбарегъащlэ lэнатlэхэм я лэжьакlуэхэм ящыщхэр, нэгъуэщlхэри.

Къудей Фаридэ зэлущlэр къыщызэlуихым жиlащ:

- Адыгэ литературэм и лъабжьэр зыгъэтlылъа, лъэпкъым и щэнхабзэр зыгъэбея усакlуэ, тхакlуэ цlэрыlуэ Щоджэнцlыкlу Алий теухуа зэхуэсым сыхэтынщ жызыlэу зыкъырезыгъэхьэлlа дэтхэнэ зыми фlыщlэ фхузощl. Лъэпкъым ди набдзэ усакlуэшхуэр илъэси 126-рэ зэрырикъур дгъэлъэпlэныр ди къалэну къэслъытэу нобэ фыкъезгъэблэгъащ.

Хэкум къизэрыхьа нэмыцэ зэрыпхъуакlуэхэм гуузу яlэщlэкlуэда, гъащlэ мащlэми, лъэпкъым lуэхуфl куэд хуэзылэжьыну хунэса цlыху щыпкъэр дигу къэдгъэкlыжныр, и lэдакъэщlэкlхэм дытепсэлъыхьыныр зэи лей хъунукъым. Щоджэнцlыкlу Алий и цlэкlэ етшэжьа зэхуэсым пщэдеи щыпытщэнущ Ислъэмей къуажэм дэт тхылъ хъумапlэм. Абы къыщызэхуэсынущ къуажэм дэт курит еджапlэхэм адыгэбзэмрэ литературэмкlэ щезыгъаджэхэр, жылэдэсхэм ящыщу Алий и усэхэм дихьэххэр, - жиlащ Фаридэ.

- Тхакlуэ, усакlуэ щэджащэ Щоджэнцlыкlу Алий къигъэщlар мащlэми, и тхыгъэ купщlафlэхэр зэи мыкlуэдыжынщ, - жеlэ Хьэту Пётр. - Къэмыдзыхэу гугъуехьми хьэзабми пэщlэта усакlуэшхуэм и кlуэдыкlар гуузщ икlи гуауэшхуэщ. Хэкум къытепсыха гузэвэгъуэшхуэм и гъащlэр щlитащ Алий. Щоджэнцlыкlум хузэфlэкlащ лъэпкъ усэ гъэпсыкlэр ихъумэн, абы зригъэужьын. Езым итхахэм къищынэмыщlа, Алий адыгэбзэм къригъэзэгъащ урыс усакlуэшхуэхэу Пушкин Александр, Лермонтов Михаил, Горький Максим сымэ я lэдакъэщlэкlхэм ящыщхэр.

Щоджэнцlыкlум хамэ къэралыбзэ куэди ищlэрт. Ар уэрсэру ирипсалъэрт хьэрыпыбзэм, тыркубзэм, франджыбзэм, урысыбзэм. Пасэу адыгэ литературэм хыхьа Алий и лэжьыгъэ псори ноби нэсу къахутакъым щlэныгъэлlхэм. Щоджэнцlыкlум и lэдакъэщlэкlхэр Урысей Федерацэм и лъэпкъыбэ литературэм и фlыпlэм хабжэ, цlыкlуми инми я гъуазэщ. Усакlуэшхуэм и лэжьыгъэр хамэ щlыпlэхэми къыщацlыху.

Адэкlэ псалъэ иратащ Шестаков Лазарь.

- Илъэс зыбжанэ хъуауэ Къудей Фаридэрэ сэрэ дызэныбжьэгъущ. Абы и фlыгъэщ Щоджэнцlыкlум и гъащlэмрэ гуащlэмрэ гу зэрылъыстар. Усакlуэшхуэм и тхыгъэхэм къытезгъэзэжурэ соджэ. Гум хыхьэу, псэм дыхьэу къигъэщlащ Щоджэнцlыкlум и тхыгъэхэр. Фылъэпкъ узыншэщ! Тхьэм фригъэфlакlуэ! - жиlащ абы.

Хьэщlэр къытхуеджащ и усэ зыбжанэм.

Налшык къалэм дэт курыт еджапlэхэм адыгэбзэмрэ литературэмкlэ и егъэджакlуэхэм ящыщу зэхуэсым зыкъырезыгъэхьэлlахэм Фаридэ тыгъэ яхуищlащ тхакlуэ, усакlуэ цlэрыlуэхэм я lэдакъэщlэкlхэр зэрыт тхылъхэр.

Ислъэмей къуажэм

Жылэм дэт библиотекэм щызэхуэсат курыт школхэм адыгэбзэмрэ литературэмкlэ щезыгъаджэхэр, Бахъсэн район библиотекэхэм я лэжьакlуэхэр, Щоджэнцlыкlу Алий и усэхэр фlыуэ зылъагъу жылэдэсхэр. Пэшым и кум ирагъэува lэнэ хъурейм усакlуэшхуэм и тхылъхэр, сурэтхэр телът.

Зэхыхьэм хэтащ ипэкlэ зи цlэ къисlуахэу Къудей Фаридэ, Къэзан Сэтхьэлий, Мамыкlэ Къазбэч, Бахъсэн районым и тхылъ хъумапlэхэр зэзыгъэуlуэхущlапlэм и унафэщl Нэгъуей Радимэ, районым и библиотекэ нэхъыщхьэм и методист Лlыгъур Эльвирэ, район сабий библиотекэм и унафэщl Мыд Фатlимэ, Бахъсэн район библиотекэ нэхъыщхьэм тхылъхэр зытеухуа и лъэныкъуэкlэ зэхэдзыным и къудамэм и унафэщl Нэгъуей Женя, районым и тхылъ хъумапlэ нэхъыщхьэм и унафэщl Жэмбей Анжелэ, Ислъэмей дэт къуажэ библиотекэм и унафэщl Шэпсыгъ Алеся, Къэбэрдей-Балъкъэрым Лэжьыгъэмкlэ, цlыхухэр lэнатlэкlэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэlэпыкъуныгъэмкlэ и министерствэм Бахъсэн районым щиlэ къудамэм и унафэщl Беслъэней Нинэ сымэ, нэгъуэщlхэри.

Къэзан Сэтхьэлий къыщыпсалъэм къыхигъэщащ усакlуэшхуэм и lэдакъэщlэкl тхыгъэхэр зэрыуахътыншэр, цlыхубэм я гум зэрыдыхьэр, а псом къыхэкlыуи ди щlэблэм ноби гъуазэ зэрахуэхъур.

- Сыщыцlыкlум къыщыщlэдзауэ нобэр къыздэсым къытезгъэзэжурэ соджэ Щоджэнцlыкlум и тхыгъэхэм. Ахэр апхуэдизу купщlафlэу тхащи, сымыгъэщlэгъуэн слъэкlыркъым, - жеlэ абы. - Тхакlуэ щэджащэм и усэхэр псори гукlэ сощlэ жысlэмэ, езгъэлеину къыщlэкlынукъым. Адыгэ литературэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщlа Щоджэнцlыкlу Алий Хэкум къытеуа хьэкlэкхъуэкlэхэм зэраlэщlэкlуэдар гуауэшхуэщ. Къигъэщlар мащlэми, тхакlуэшхуэм хузэфlэкlащ цlыхубэм я гум фlыкlэ къинэну, и къалэмыр хуигъэбзащ пэжагъым, захуагъэм, къэралымрэ лъэпкъымрэ яхуиlэ лъагъуныгъэм, и усэхэмрэ поэмэхэмрэ къаlуатэ адыгэпсэм и къулеягъыр зыхуэдэр.

Щоджэнцlыкlу Алий и тхыгъэхэм ящыщ «Нанэ» усэм къеджащ Беслъэней Нинэ, езым и lэдакъэ къыщlэкlа усэхэми къекlуэлlахэр щыгъуазэ дищlащ.

КЪАНКЪУЛ Раисэ.

Бекъул Миланэ УФ-м плlэнейрэ и чемпионщ

Тэтэрстаным и къалащхьэ Къэзан къикlыу хъыбар гуа-пэ къытlэрыхьащ. Олимп джэгухэм хыхьэ тхэквондо лlэужьыгъуэмкlэ (ВТФ) абы щекlуэкl УФ-м и чемпионатым дыщэ медаль къыщихьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и «Пять колец» спорт академием и гъэсэн Бекъул Миланэ икlи, ди республикэм щыяпэу, къэралым плlэнейрэ и чемпион хъуащ.

КИЛОГРАММ 46-рэ зи хьэлъагъхэм я деж адыгэ пщащэ цlыкlум финалым щыхигъэщlащ Самарэ областым и спортсмен Еременэ Викторие. Абы ипэкlэ текlуащ и ныкъуэкъуэгъу лъэщ, Санкт-Петербург къалэм щыщ Павловэ Екатеринэ.

Бекъул Миланэ УФ-м спортымкlэ дунейпсо класс зиlэ и мастерщ, УФ-м и командэ къыхэхам хэтщ, дунейпсо чемпионатхэм япэ, етlуанэ щыхъуащ, дунейпсо рейтингым бжьыпэр щиlыгъщ. Абы дэлажьэр УФ-м щlыхь зиlэ и тренер Ахъмэт Амирщ.

УФ-м и чемпионатым щызэпоуэ ди къэралым и щlыналъэхэм ящыщу 40-м я спортсмену, щlалэхэри хъыджэбзхэри зэхэту, 500-м щlигъу, езыхэр гуп 16-у гуэшауэ. Ар екlуэкlынущ щэкlуэгъуэм и 9-м пщlондэ икlи абы щытекlуахэмкlэ Урысей Федерацэм и командэ къыхэхар зэхагъэувэнущ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.



Зэщlыгъуу ирагъэкlуэкlащ

Урысей гвардием и управленэу КъБР-м щыlэм, Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу республикэм щыlэм я лэжьакlуэхэм зэщlыгъуу ирагъэкlуэкlащ мафlэс-тактикэ зыгъэсэныгъэхэр. Ар щызэфlахащ Май районым щыlэ къудамэм.

МАФlЭСЫР къыщыхъуа хуэдэт административнэ унэм и етlуанэ къатым. Ар къыщащlэм росгвардейцхэм къраджащ мафlэс-къегъэлакlуэ частым и плъыр къэрэгъулыр икlи гупыр а щlыпlэм ягъэlэпхъуащ. Зыlэзыбжьэу щlыпlэм къэкlуа мафlэсгъэункlыфlхэм къагъуэтащ ар къыщыхъуар, lугъуэм зэщlищта щlыпlэм лей зытехьа хуэдэхэр ирагъэlэпхъукlри, лыгъэри ягъэужьыхащ.

lуэхур щекlуэкlым къапщытащ гупыр къызэрымыкlуэ щытыкlэм зэрыхуэхьэзырыр, апхуэдэуи ведомствэхэр зэрызэдэлэжьэнур яубзыхуащ.

- Мыпхуэдэ lуэхухэм мыхьэнэшхуэ яlэщ къызэрымыкlуэ щытыкlэхэм деж щызэдэлэжьэныр егъэфlекlуэнымкlэ. Урысей гвардиемрэ МЧС-мрэ я гупым я къалэнхэр зэщlыгъуу щызэфlахым къагъэлъэгъуащ абы тэмэму зэрыхуэхьэзырыр, - жиlащ Урысей гвардием и щlыналъэ управленэм мафlэс шынагъуэншагъэмкlэ и инспекцэм и унафэщl Ульбашев Расул.

БАХЪСЭН Азэмэт.

Унафэщl-редактор ЖЬЭКlЭМЫХЪУ Маринэ

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр щlыналъэ lуэхущlапlэм ПИ № ТУ07-00117-м щlэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокl. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщl-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 ● Тиражыр 1.101 ● Заказыр №2443

ДИ ХЭЩlАПlЭР 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цlэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщlанэ къатхэр.

Газетым lэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, Есэнтlыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А